ЦIОБ ГIАТIИДАВ, ГУРХIУЛЕВ АЛЛАГЬАСУЛ ЦIАРАЛДАЛЪУН !

АССАЛАМ

www.assalam.ru

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ БУСУРБАБАЗУЛ РУХIИЯБ ЛЪАЙ КЬЕЯЛЪУЛ ГАЗЕТА На аварском языке

№7 (229), апрель 2007 с. РабигIул аввал 1428 с. /Газета биччала моцIида жаниб 2 нухалъ. Багьа 10 гъ.

Иман-ислам лъаялъул къецал

Гьенир бергьарал лъабго вас ва кIиго яс рачIине ккола росабазда гьоркьосел къецазде.

Гьединал къецал тIоритIизе ккола росабазда гьоркьосел бакIазда – Къородисезул Кьода, Гьонода, Къорода, ГIуралаб, Кьогъоб, Агъада.

СалтIа, КIогьориб, Кудалиб, Хьиндахъ, ХIотIочIиб росабазул лъималазда гьоркьоб.

Коммунаялда,БацIада,ГIунтIиб, ЧIохъ, МохIоб, Гъуниб, Шуланиб, Ругъжаб росабазул лъималазда гьоркьоб.

Гьаб соналъул 26 аб. марталда къецал тIоритIана Къородисезул Кьода росулъ. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Гьонода, Къорода Кьода, мадугьалихъ бугеб Шамил районалъул Гъогъолъ росулъа лъималаз. Къецалъухъ балагьизе, назмаби цIализе гьенире рачIун рукIана Гъуниб мажгиталда цебе бугеб мадрасаялдаса анцIго вас ва анцIго яс. Къорода Кьода росдал гIадамаз гьеб къо данде ккезабун букIана рабигIул аввал моцIалъ тIобитIизе бихьизабураб росдал мавлидалда.

Ахир 2 аб. гьум.

Гъуниб районалъул росабалъ имамзабаз лъималазда малъулеб буго иман-исламалъул бусурманчиясда лъазе кколеб, чара гьечIеб къадар. Гьелда тIасан хIадурун руго суал-жавабаздасан данде гьарурал тIанчал. Лъебералда кIиго суал ва гьезие жаваб лъазе тIадаблъун гьабун буго ясли-ахаздa ругел, школазда цIалулел лъималазда.

Районалъул гIалимзабазул советалъул хIукмуялдалъун, иман-ислам лъаялъул къецал тIоритIизе ккола щибаб росдал мажгиталда, гьенир умумулги гIахьал гьарун.

НОМЕРАЛДА РУГО:

2 АВАРАГАСУЛ ﷺ ХIУРМАТАЛДА
Аварагасул ﷺ наслу-насаб

3 АВАРАГ ﷺ ЛЪАЙ
МухIаммад аварагасухъе ﷺ вакилзаби рачIин



6 КIИКЪОГО ХIАДИС
Иман, Ислам, ИхIсан

8 МУЪМИНАТ
ХIижаб ретIунгутIиялъул ругел заралал

10 11 ТАРИХ
Ханзабазухъе ритIарал кагътал



ВАГIЗА

Аллагьасул ﷻ цIунизе кколел адабал

ТIадегIанав, кIудияв, сахаватав, гурхIулев чиясул адаб гьабулеб гIадат буго. ТIадегIаназулги ТIадегIанав, кIудиязулги КIудияв, сахаватазулги бищун Сахаватав, гурхIулезулги бищун ГурхIулев, сундего хIалкIолев, Жинца кьурал нигIматал рикIкIен гIемерав Аллагьасул ﷺ адаб цIунизе кигIанха тIадаб букIинеб?

ТIадегIанав Аллагь ккола, сапаралда вугониги, рокъовкъватIив вугониги, хун-чIаго вугеб механъги, цониги лахIзаталъ дуда аскIоса ватIалъуларев, дур ракIалда бугебги, кIалалъ абурабги, черхалъ гьабурабги – кинабго Жинда бихьулев, мун вижарав, мун хьихьулев, дур БетIергьан ва дур Хан. Гьединлъидал ТIадегIанав Аллагьасул адаб гьабунгутIи - гьеб ккола инсанасул лъавукълъи. Аллагьасул ﷻ адаб гьабуларев чиясдаса талихI къарав чи гьечIо, хIатта, хIайваналдасаги гьев гIодовегIан вугилан абуниги, мекъса ккеларо. Щай абуни, гьвеялдацин лъала жиндирго бетIергьан. ХIайваналъе кьечIеб гIакълу кьун Аллагьас ﷻ тIокI гьавурав инсанас жиндие гьеб тIокIлъи кьурав Аллагьасул ﷻ адаб гьабунгутIи – гьеб ккола инсан хIайваналъул даражаялдасаги гIодобегIанаб даражаялде лъугьин.

Кинал адабалха нилъеца ТIадегIанав Аллагьасда аскIор гьаризе кколел ва кинал гIамалал гьари кколеб Гьесул адаб тейлъун? Гьединаздасан ккола:

1. ТIоцебесеб ва бищунго чара гьечIеб адаблъун ккола, битIараб куцалда, Гьесие тIадал ва бегьуларел сипаталги лъазарун, ТIадегIанав Аллагьасда ракIчIезаби, кинабниги Аллагьасе ﷻ рекъарабщинаб жоялдаса Гьевги вацIцIад гьавун.

2. ТIадегIанав Аллагьасул адаб гьабиялдасан ккола ва тIадабцин буго – Гьес бижараб, нилъеда сверухъ бугеб гIаламалъул пикру гьабун, гьединго Къуръан-хIадисалда рачIарал гьесул сифатаздалъунги цIараздалъунги Гьев лъазе тIалаб гьаби. Къоялго ТIадегIанав Аллагьасе рукIине тIадалги, къоялго, рукIине рес гьечIелги сифатал лъазарун, хIадисазда бугеб ункъоялда анцIила ичIабго цIар, гьезул магIнагун цадахъ, лъазабизе гIамал гьаби. ТIадегIанав Аллагь лъаялдаса хирияб гIелму цониги гьечIо, щай абуни, гIелмуялъул хиралъи бараб буго жиб лъазабулеб жоялда. Аллагьасдаса ﷻ хирияб жо гьечIелъул, Гьев лъаялдаса хирияб гIелмуги гьечIо.

ТIадегIанав Аллагьасул адаб гьабиялдасан ккола – Гьес бижараб жоялъул пикру гьаби. ХIадисалда буго: **«Нужеца пикру гьабе Аллагьас ﷻ бижараб жоялъул, нужеца пикру гьабуге Живго Аллагьасул ﷻ, Гьесул кIодолъиялда нахъгIунтIизе нужеда кIоларо»**, -абун. (Гьаб хIадис Абу-нугIаймицаги ТIабраниясги бицараб буго).

Къуръаналда щибаб бисмиллаялда жаниб нилъ кидаго ахIулел руго зоб-ракь бижиялъул пикру гьабизе, гьениб гIуцIун бугеб низамалъухъ балагьизе.

3. Аллагьасул ﷻ адаб гьабиялдасан ккола – ТIадегIанав Аллагьасе гIибадат-лагълъи гьаби, Гьесул кIодолъи-тIадегIанлъиялъе хIели, Гьесул амруялъе мутIигIлъи.

Ахир 4 аб. гьум.

Газеталда руго чороклъизаризе шаргIалъ хIарам гьарурал аяталги хIадисалги

КАМИЛГО КАКИЧУРАРАВ ЧИЯСУЛ ЦЕРЕХУН АРАЛГИ ХАДУР ГЬАРУРАЛГИ (ГЬИТIИНАЛ) МУНАГЬАЛ ЧУРУЛА (БАЗЗАР)

ХIАДИС

ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

Иман-ислам лъаялъул къецал

Байбихьи – 1 аб. гьум.

Къецал тIоритIана бан лъугIулеб, кIиабилеб тIалаялда бугеб мажгиталда жанир.

Лъикlаб хIадурлъигун рачIун рукIана Гьонода росдал мадрасаялдаса лъимал. Росдал мажгиталъул имам **Багьаудин-хIажияс** гьенире рачун рачIана мавлид ахIулел васалги. Къецазда гьоркьор мавлидал ахIана, гьез гуребги, Гъуниб мадрасаялъул мударис **ГъазимухIаммад Мухтароваси** КIогьориб заводалъул мажгиталъул имам **ГIабдуллагьицаги**.

МагIнаял вагIзаби гьаруна **Багьаудин-хIажияс, ГIабдуллагьица,** Къорода Кьода бугеб мажгиталъул имам **Абакарица**.

Къецалда гIахьаллъаразе гIарцулаб сайгъат чIезабун букIана Къорода росдал администратор **ЗанкимухIаммад ИсмагIиловас.**

Мавлидалде рачIун рукIана КIуяда росдал вакилзабиги. Амма къецалда гIахьаллъизе лъимал рачун рачIинчIо Агъада росдал имам **Камалудиница,** Кьогъоб мажгиталъул имам **Шамилица,** ГIуралаб мажгиталъул имам **МухIаммадица.**

МоцIаз цебеккун гьелде хIадурлъи районалда унеб букIаниги, я жалго, я лъимал данделъиялде рачIинчIо.

Иман-исламалъул лъаяздa тIасан тIоритIарал къецазда бищун лъикIал хIасилал рихьизаруна Гьонода росдал васаз ва ясаз: **Шамил МухIаммадовас, Мирза Амахановас, Халипат Амахановалъ, Аминат ГIалиевалъ**; Къорода росулъа **МухIаммад АсхIабгIалиевас, СултIан Хирачевас, ПатIимат КветIгIалиевалъ;** Кьодаса **МухIаммад Ахбердиевас, ПатIимат ДавудхIажиевалъ, Хадижат Мазгаровалъ** ва **Шарип Ахбердиевас.**

Къецалда гIахьаллъарал Гъогъолъа **ШагIбан Дибировас** ва **ГIабдуллагь ГIалибулатовас** хIаракат бахъана цогидаздаса нахъе ккечIого жавабал кьезе.

Къуръан цIалиялъул къецазда тIоцебесеб бакIалде вачIана Гьонодаса **МухIаммад Сайпудинов.**

Живго лъугьун лъикIго мавлид ахIана **МухIаммад ГIалимухIаммадовас.** Данделъаразе рекIее гIуна гьесул цевевахъин, мавлид ахIизе гьесул бугеб махщел.

Къецазда бергьарал кIодо гьаруна батIи-батIиял сайигъатаздалъун.

Лъикlаб гьоболлъи гьабуна Къорода Кьода росдал гIадамаз тIаде рачIаразе. Росуго гIахьаллъараб гьеб мавлид гьезул киназдулго мунагьал чуриялъе сабаблъун ккун батаги. Амин.

КАРИМУЛЛАГЬ-ХIАЖИ,
Гъуниб районалъул имам

ГIалимзабазул иргадулаб мажлис

31 марталда МахIачхъалаялъул кIудияб мажгиталда тIобитIана Дагъистаналъул гIалимзабазул иргадулаб мажлис. Гьеб къо – МухIаммад авараг ﷺ гьавураб рабигIул аввалалъул 12-абилеб къо кколеб букIиналъ, хIукму ккана гIалимзабазул мажлис Хирияв Авараг ﷺ кIодо гьавун, гьесул бицун тIобитIизе.

Аварагасдехун ﷺ букIине кколеб рокьиялъул бицун мажлис рагьана КIудияб мажгиталъул имам **МухIаммадрасул-хIажи СагIадуевас.**

Хадуб кIалъазе вахъана Шимали-Кавказалъул исламияб университеталъул мутагIалим **ГIали-хIажи**. Гьес бицана Аварагасул ﷺ сабруялъул хIакъалъулъ.

МухIаммад аварагасул ﷺ гIумруялъул хIакъалъулъ бицун кIалъазе вахъана МахIачхъалаялъул, Сайфуллагь-къадиясул цIаралда бугеб исламияб институталъул филиалалъул ректор **МухIаммадхIажи.**

ГIенеккаразул суалазе жавабал кьуна «Ассалам» газеталъул хIалтIухъан **Ибрагьим-хIажи ХIасановас**. Гьединго мажлисалда кIалъазе рахъана: Дагъистаналъул муфтиясул заместитель **КъурамухIаммад-хIажи Рамазанов**, «Нуру-л-ислам» газеталъул бетIерав редактор **МухIаммад ХIажиев**, СКИУ-ялъул студент **АрсланГIали**.

Муфтиясул кумекчи **МухIаммадвакилица** гIенеккаразе баян кьуна Аварагасул ﷺ гIумру лъазабиялъул хIакъалъулъ тIобитIизе бугеб къецалъул хIакъалъулъ. Цере рукIарал къецазде дандеккун, гьенир пенсионералги лъималги гIахьаллъизе ругин бицана гьес.

ГIалимзабазул кIалъаязда гьоркьор мавлидал ахIана «Нашидул исламия» ва «Дилим» къокъабаз.

Аллагьас ﷻ нилъее кумек гьабеги Аварагасул ﷺ гIумру лъазабизе хирияв Аварагасул ﷺ шафагIатги щваги нилъее. Амин.

МухIаммад МУХIАММАДОВ

АВАРАГАСУЛ ﷺ ХIУРМАТАЛДА

Аварагасул ﷺ наслу-насаб

Дунял бижараб къоялдаса ТIадегIанав Аллагьас цониги инсан вижичIо, хирияв МухIаммад аварагасул ﷺ гIадин, халкъалъ жиндир гIумру рагIа-ракьанде щун лъазеги гьабурав, халкъалда гьоркьоб гьеб тIибитIизеги гьабурав.

Хирияв Авараг ﷺ ТIадегIанав Аллагьас, халкъалдаго тIаса вищун, тIолабго гIаламалде рахIматлъун витIиги, илчилъун (расуллъун) витIиги, гьесул гьабулебщинаб ишги, абулебщинаб рагIиги халкъалъе мисаллъун букIинги лъарал, гьесул хириял асхIабазабаз (Аллагь ﷻ жидедаса разилъаял) хирияв Аварагасул ﷺ щибаб багъа-бачариялдаги, вукIа-вахъиналдаги, гьабулеб ишалдаги, абулеб рагIиялдаги хадуб хал ккун букIана. ХIатта кIиго, яги цо чанго асхIабас, цадахъ рекъон, къотIи гьабулаан цоял тIубараб къоялъ хирияв Аварагасда ﷺ асклор чIезе, цоялин абуни, жидерго чара гьечIеб магIишаталъул хIалтIи гьабизе ине. Къаси данделъараб мехалъ, хирияв Аварагасда ﷺ асклор рукIараз жидедаго бихьараб, рагIарабщинаб жо хIалтIуде ун рукIаразда бицунаан. Хадусеб къоялъ Хириясда ﷺ асклор рукIарал жидерго магIишаталде унаан, гьал цоял Хириясда асклор чIезе рачIунаан ва, къаси данделъараб мехалъ, жидедаго бихьарабги рагIарабги Аварагасда ﷺ асклор рукIинчIезда бицунаан. Гьеб хIалалда ирга гьабулаан асхIабзабаз. Гьес абурал рагIаби, гьарурал ишал лъазабиялда къокълъичIо гьел, гьез лъазабуна хирияв Аварагасул ﷺ умумузул тарих, гьесул лъимерлъиялъул гIумру, гьесул гIолохъанал къоял, гьесул лъималазул, гьес рачарал руччабазул гIумру ва хIакъикъат, гьесда сверун рукIарал асхIабзабазул гIумру, хIатта, гьесул рукъалъул хIайваназул, гьес хIалтIизарулел рукIарал цIарагIалатазул, гьес ретIунеб букIараб ратIлил цIаразде гIунтIун. Хирияб Къуръаналъ абухъе, гьесул бицен халкъалда жаниб тIадегIан гьабун цIунана ТIадегIанав Аллагьас. Гьесул умумузул, руччабазул цIарал лъазаризеги, анкьго соналдасан байбихьун, лъималазда малъизеги бусурманчиясда тIадаб бугилан хъвалеб буго исламалъул хIакъал гIалимзабаз. Гьедигlан Аллагьас ﷻ жив тIадегIан гьавурав, гьадигIан умматалъе жиндаса пайда цIикIкIарав, гьадигIан ТIадегIанав Аллагьасеги умматалъеги хирияв саййид – МухIаммад аварагасул ﷺ умумузул, лъималазул, гьесул хириял руччабазул хIакъалъулъ чара гьечIебниги къадар нилъеда лъачIони, нилъ кинал бусурбаби-муъминзабиха рукIинел? Нилъедаги гьеб лъазе ккола, нилъеца малъизеги ккола лъималазул ясли-ахазда, школазда, мадрасабазда, рокъо-рокъоб – кинабго рес ккарабщинаб бакIалда.

Хирияв Аварагасул ﷺ хIакъалъулъ чара гьечIого лъазе кколеб баян

МухIаммад Авараг ﷺ ккола Адамил зуррияталъул, Ибрагьимил миллаталъул, ИсмагIилил наслуялъул, гIарабияб мацIалъул, бацIцIадаб аслуялъул, къурайшияб насабалъул, Гьашимияб кьибилалъул, Маккаялда гьавурав – ГIабдуллагь абурав инсуе, Аминат абурай эбелалъе; гьайбатаб, берцинаб сипаталъул, багIарлъиялъул асар гъорлъ бугеб хъахIаб, чIурканаб кьералъул; 40 сон бараб мехалъ жив Аваргалъун ﷺ ва расуллъун витIарав, 23 соналъ жиндихъе Къуръан рещтIарав; тIолго халкъалде Къиямасеб къо чIезегIан илчилъун витIарав, ахирисев Авараг ﷺ. Гьес 23 соналъ Аллагьасул ﷻ дин-ислам тIибитIизабуна, гьесул шаригIаталъ цересел шаригIатал насху гьаруна, БетIергьанас гьесдаса хирияб щибго жо бижичIо. ГIумруялъул 63 сон тIубайдал Авараг ﷺ Мадинаялда накълулъана, ГIаишатил хIужраялъув вукъана.

Хирияв Аварагасул ﷺ инсухъан умумузул тартиб:

МухIаммад авараг ﷺ, гьесул эмен ГIабдуллагь, цинги ГIабдулмутIалиб, Гьашим, ГIабдулманаф, Къусаййу, Килаб, Муррат, КагIбу, Луаййу, Гьалиб, Фигьру, Малик, Назр, Кинанат, Хузаймат, Мудрикат, Ильяс, Музар, Низар, МугIад, ГIаднан.



МухIаммад аварагасул ﷺ эбелалъухъан умумузул тартибалъул бицани, гьев ккола Аминатил вас, Аминатги ккола Вагьбил яс, Вагьбу ккола ГIабдулманафил вас, гьевги – Зугьратил вас, Зугьратги – Килабил вас. Гьев Килабилъ хирияв Аварагасул ﷺ эбелалъулги инсулги кIиябго насаб жубала.

Гьаб ккола, тарихалъул гIалимзабиги насаб лъалел гIалимзабиги – киналго тIад рекъараб, гьесул умумузул тартиб. Гьаниса тIадехун рехсараб насабалда сверухъ хилаф буго. Амма киналго тIадрекъараб хIукму ккола МухIаммад аварагасул ﷺ насаб Ибрагьим аварагасул вас ИсмагIил аварагасда хурхараб букIиналда.

Гьесул киналго умумул рукIана тавхIидалда, ай, Аллагь ﷻ цо гьавулеллъун, хъанчие лагълъи гьабуларелъун. («ФатхIул гIалам» т. 1, гьум. 152). Гьесул умумул, инсухъан рукIа, эбелалъухъан рукIа, киналго рукIана жидер заманалъул бищун къимат-къадру бугел, заманалда рекъон, шаргIияб магьари лъун гурого, жал данделъичIел, зина гьаби гIадал квешал пишабаздаса жал цIунарал.

Хириясул ﷺ хIадисалда буго: **«Дун загьирлъана никахIалдалъун, дун загьирлъичIо зинаялдалъун, Адамидаса байбихьараб дир эбел-инсухъе щвезегIан дун, умумуз магьариги лъун, загьирлъана»** - абун (Ибну ГIадди, ТIабарани).

(Ахир 9-аб. гьум.)

Газеталда руго чороклъизаризе шаргIалъ хIарам гьарурал аяталги хIадисалги

ХIАДИС

КАКИЧУРИЯЛДА ТIАДЕГИ КАКИЧУРАРАВ ЧИЯСЕ БЕТIЕРГЬАНАС АНЦIГО ЛЪИКIЛЪИ ХЪВАЛА (ДАВУД, ТИРМИЗИ, ИБНУ МАЖАГЬ)

АВАРАГ ﷺ ЛЪАЙ

МухIаммад аварагасухъе ﷺ вакилзаби рачIин

РУБРИКА БАЧУНЕБ БУГО

КъурамухIаммад-хIажи РАМАЗАНОВАС

Салат-салам лъеяв Аварагасдаги гьесул асхIабзабаздаги капурзабазул рахъалдаса дандчIвалеб гIакъуба-гIазаб гучалда букIаго, гьесухъе Макка бахун къватIиса вакилзаби рачIана, гьес бачIараб исламалъул хIакъикъат, ялъуни кинаб бугониги хабар лъазе бокьун. Гьезул лъебергоялдаса цIикIкIарав чи вукIана.

Гьел рукIана ХIабашат (Эфиопия) улкаялдаса насраниял (христианал). Гьел АбутIалибил ЖагIфар Эфиопиялдаса Маккаялде тIадвуссун вачIунаго, гьесда цадахъ рачIана. Аллагьасул ﷺ Расуласда ﷺ аскIор гIодорги чIун, гьесул сипаталги рихьун, гьес цIалараб Къуръанги рагIун хадуса, гьел киназго иман лъуна. Гьез иман лъураблъи Абужагьалида лъараб мехалъ, гьезухъеги вачIун, гьес абуна: «Нужедаса ахIмакъаб къокъа дида бихьичIо. Нуж нужерго къавмалъ ритIун руго гьав чиясул (МухIаммадил) хIакъикъат цIехезе. Гьесда аскIор гIодор чIун рахъиналде, нужерго умумузул динги тун, абу-абураб жоялда нуж божулел руго», - ян.

Гьез абуна: «Нужеда рекъон нижеца ахIмакъаб жо данде гьабиларо, нижеца тIаса бищараб дин нижер буго, нужеда берцин бихьараб – нужер буго, нижеца нижеего гьабизе кIолеб лъикIлъиялъул щибго жо нахъе течIо», - абун. Гьезул хIакъалъулъ хирияб Къуръаналда абулеб буго (магIна): «Дица жидехъе цебеккун тIехь (Инжил) рещтIарал гIадамаз (ай гьеб къокъаялъ) гьев МухIаммадида иман лъола ва гьев ритIухъги гьавула», - ян. Гьезие Къуръан цIалараб мехалъ, гьез абуна: «Нижеца гьелда иман лъуна, гьеб нилъер БетIергьанасдаса бачIараб хIакъикъат буго. Гьеб Къуръан рещтIинегIанго ниж бусурманаллъун рукIана. (Ай цересел аварагзабиги гьезда иман лъурал гIадамалги – киналго бусурбаби кколелъул). Гьедин иман лъурал гIадамазе ахираталда кири кIиго нухалъ цIикIкIун кьезе буго, гьез сабур гьабиялъе гIологи, гьезие гьабураб квешлъи гьез лъикIлъиялдалъун нахъе чIваялъе гIологи, Дица гьезие кьураб ризкъиялдаса гьез садакъа-закат бахъулеб букIиналъе гIологи. Гьезда пайда гьечIеб калам рагIараб мехалъ, гьел гьелдасан дорехун руссана ва гьез абуна: «Нижее – нижер гIамалал руго, нужее – нужерго гIамалал руго, лъавукъал, ахIмакъал гIадамазда хадур ниж лъугьинаро», - ян. (сура «Къасас», аят 52-55).

Кинаб дарсги, вагIзаги, хIикматги бичIчIизе бегьулеб гьаб тIадехун рехсараб къисаялдасан.

ТIоцебесеб иргаялда, капурзабазги мушрикуназги Аварагасеги ﷺ асхIабзабазеги гIазаб-гIакъуба гучалда кьолеб заманалда, къватIисан цо къокъа бачIана Аллагьасул ﷺ Расуласда ﷺ дандчIвазеги ислам щибжояли лъазабизеги. Гьединаб къварилъи-захIмалъиялда асхIабзаби ругеб мехалъ, къватIисан рачIарал гIадамаз иман лъеялдаги ислам босиялда жанибги загьираб далил-хIужа буго, исламалде халкъ ахIулел гIадамазда захIмалъаби, унтаби, къварилъаби дандчIваялъулъ исламалъе кинабгIаги къей – махIрумлъи кколарин абураб жоялъе. Гьел захIмалъаби дандчIваялъ, загIиплъи, тохлъи, хьулкъотIиги бижизабизе бегьуларо исламалде халкъ ахIулел гIадамазул. Цебе рехсовухъе, гIазабги, гIакъубаги, къварилъиги бихьи ккола бергьенлъиялдеги хIасил кьеялдеги бугеб нух. Гьеб вакилзабазул къокъа бачIана, ралъадги бахун, Аллагьасул ﷺ Расуласухъе ﷺ. Гьез исламалдехун гьудуллъи загьир гьабуна. Гьезул бахIарчияб гIамалалъги ахIвал-хIалалъги бицунеб букIана исламалъул тушбабазда, кигIан гьез хIаракат бахъаниги, щиб къварилъи гьабуниги, кинаб куцалъ гьел ургъаниги, кигIан бусурбабаздехун гьоркьоблъи хвезабуниги, исламияб дагIват чIезабизе кIоларилан, гьеб дагIват кьолеб пихъги гьезда къотIизе кIоларилан абун. Гьеб хIакъикъат Абужагьалида лъана ва гьелъул асар гьесул хъубал рагIабазулъ загьирлъана. Гьединлъидал гьев къватIиса бачIараб, иман лъураб къокъаялда гIайибал чIвазе лъугьана. Амма гьесда гьезие зарал гьабизе ва гьел гьукъизе бажаричIо. ГIицIго гьесдаги гьесда релълъараздаги гьабун бажарулеб жо букIана тIадеги бусурбабазда гIазаб чIамизаби ва къварилъи цIикIкIинаби. Щвезе кколеб бакIалде дагIват щвезе биччангутIизеги, гьелъ кьезе бугеб пихъ къотIизабизеги мушрикуназда кIвечIо ва гьезие гьелде нухги букIинчIо.



КIиабилеб. Эфиопиялдаса рачIарал насранияз Аварагасда ﷺ лъураб иман – щиб иман гьеб букIараб? Гьез лъураб иман, гьел куфруялдаса исламалде рачунеб иманищха букIараб? БукIинчIо. Гьезул иман букIана цебе жидер букIараб иманалда гьел даимлъи, гьелдаса доре-гьанире кьурунгутIи. Гьеб букIана гъоркьго гьез щулаго ккун букIараб ракIчIеялъулги диналъулги нухдасан ин. Сияралъул (тарихалъул) гIалимзабазул биценалда рекъон, гьел рукIана Инжилалъул агьлу, гьелда жалги божулел, гьелъул нухги жидеца ккурал. Инжилалъ гьезда амру гьабулеб бугелъул ГIиса-аварагасда ﷺ хадув вачIарав МухIаммад аварагасда ﷺ иман лъеян, гьеб Инжилалъ гьезда МухIаммад аварагасул ﷺ сипаталги хаслъабиги рицунелги ругелъул, Инжилалда иман лъеялъ гьездаса тIалаб гьабуна, МухIаммад авараг ﷺ вахъиндал, гьесда иман лъейги. Гьединлъидал гьез МухIаммад аварагасда ﷺ иман лъей, цо динги тун, цогидаб диналдехун руссин кколаро, цо диналдаса цогидаб дин тIаса бищиги кколаро. Гьеб ккола ГIиса аварагасдехунги ﷺ гьесде рещтIараб Инжилалдехунги гьезул букIараб иман, гьебги ккун чIей. Гьелъие гIоло хирияб Къуръаналъ рицана гьез абурал рагIаби. Гьезие Къуръаналъул аят цIализегIан гьез абуна: «Нижеца гьелда иман лъуна, гьеб хIакъаб динги ккола, ниж цереккунго, гьеб рещтIинегIанго бусурманалги рукIана», - абун. Ай, «Ниж цереккунго мутIигIалги рукIана, МухIаммад аварагас ﷺ жинде халкъ ахIулеб диналда божаралги рукIана, гьев аварагъун витIизегIанго цебеккун».

Гьеб хIал букIана ГIиса аварагас ﷺ яги Муса аварагас ﷺ бачIараб дин хIакъикъияб куцалъ ккуравщинав чиясул. Щайин абуни, Инжилалъги Тавраталъги Къуръаналдаги МухIаммад аварагасдаги ﷺ иман лъеялде ахIулел ругелъул. Гьединлъидал Аллагьас ﷻ МухIаммад аварагасда ﷺ амру гьабуна, Таврат-Инжилалъул агьлу исламалде ахIун, гьезда абизе: "Нужеца цIияб дин босулаго, батIияб жоялда иманги лъоге, нужеца, Таврат-Инжилалда хъвараб жоялда рекъон, Жинда иман лъе", - ян. ТIадегIанав Аллагьас Аварагасде ﷺ рещтIана гьадинаб магIнаялъул аят: **«Дуца абе: "Я Таврат-Инжилалъул гIадамал, нуж Таврат-Инжилалъ абухъе чIечIони, гьелда бугеб жоялда нужеца гIамалги гьабичIони, нуж мекъи ккарал чагIи ккола»**, - абун (Къуръан, 5/68).

Гьеб цебе рехсараб жоялъ тIадеги щула гьабула Аллагьасул ﷻ хIакъаб дин – гьеб кидаго цо букIана, Адам аварагасдаса (гI. с.) бахъараб нилъер саййид МухIаммад аварагасде ﷺ щвезегIанилан абураб жо.

БитIараб буго, Аллагьасул ﷻ рахъалдаса рачIарал шаригIатал батIи-батIиял рукIана. Гьезул хадуб бачIараб шаригIаталъ цебесеб шаригIат насху (хисулеб) гьабулебги букIана. Амма кинго бегьуларо динги шаригIатги – кIиябго цоцалъ жубазабизе. Дин – цо буго, шаригIатал – гIемер руго. Дин ккола гIакъида, ракIчIезабизе кколеб жо, гьеб киналго аварагзабазул цо букIана. ШаригIат абуни, ай хIарам-хIалал, шаргIиял ахIкамал, Аллагьас ﷻ заман, бакI, гIадамал хал гьабун, гьезда рекъараб рещтIун букIана. Ай, гIибадат гьабиялдаги хьвада-чIвадиялдаги хурхарал ахIкамал батIи-батIиял рукIана, гIакъидат абуни, цого букIана.

■

КIИКЪОГО ХIАДИС

Ният бацIцIалъи

ГIумар-асхIабас абуна: «Дида рагIана Аллагьасул ﷺ илчияс абулеб: **«Щивав бусурманчияс гьарулел гIамалал, чехьалъ гьарулел рукIа, цIалун, гIелму тIалаб гьабун гьарулел рукIа, рорцуна ният сабабалъе ккун, ай гьел гьарулелщинал гIамалазул кири бараб буго ниятазда»** - абун.

Щиб жо ният?

Гьеб буго иш гьабиялда хурхараб ракIалъул къасд, мацIалъ ният ритIухъ гьабизеги суннатаб буго. ТIадехун рехсараб хIадисалъе кумек гьабулел цойги хIадисалги руго. Масала: **«Жиндир ният гьечIев чиясе гIамалги гьечIо, ай, гьелъухъ кири гьечIо». «Чиясе жиндир гIамалалдасан, жинца ният гьабураб жо гурони, гьечIо».**

Цойги: **«ГIамал гьечIо нияталдалъун гурони».**

Цойги: **«ГIадамал хабалъа тIаде рахъунелго жидер ниятазда, ай жидер ниятазда рекъон щвараб ажру-киригун рукIина».**

Гьелъие гIоло нилъеда тIадаб буго ният бацIцIад гьабизе, кидаго лъикIлъи гьабизе къасдалда рукIине, гьеб ният бацIцIад гьабилелде, гьеб гьабулеб бакI – ракI бацIцIад гьабизе. Гьеб бугелъул киналъулго аслу, кьучI.

ХIакъикъаталда, кинавго чиясе буго гIицIго жинца ният-къасд гьабураб жо, ай, ният гьабичIеб гуреб.

Гьелдасан бичIчIула, кинабго нилъеда тIадабщинаб фарз борхизе ва тIаде босараб садакъа, мавлид, къурбан тIубазе ният чара гьечIого хIажалъулеблъи. Гьединго хIажалъула суннатал жалазеги, какал, кIалал, садакъаби тIуралагоги, Къуръан цIалулагоги, хIатта, нухдаса гамачI нахъе реххулагоцин, «Черхалъул садакъа», - абун ният гьабизе.

«Щив чи вугониги жинца гьижра гьабулев, (гьижрат, гIараб мацIалда – цо жо рехун тей буго, шаргIалда рекъон, куфру бугеб бакIги рехун тун, ислам бугеб бакIалде ин буго, хIакъикъаталда гьеб буго Аллагьасда ﷻ рихарабщинаб жо реххун тей. (Гьаниб гьелъул магIна – ватIан тун, цогидаб бакIалде вахъин буго). **Аллагьасдеги ﷻ Аллагьасул ﷺ Аварагасдеги ﷺ къасд гьабун, ай гIицIго гьезие гIоло, гьел разилъи мурадалда, гьесул гьижра рикIкIуна Аллагьасдеги ﷻ аварагасдеги ﷺ гьабураблъун, ай Аллагьас ﷻ кьола гьесие гьелъул кири, ва гьеб къабулги гьабула.**

Щив чи вугониги жинца дунялалъе гIоло гьижра гьабулев, гьесие гьеб дунял щвела, ахираталъул бутIа букIинаро. Яги гьижра гьабуни чIужу ячине гIоло, гьес гьей ячина".

Чияс сундуе гIоло щиб гIамал, иш-пиша гьабуниги, гьесие щолеб кири-ужра гьесул нияталда бараб букIуна. Гьаниб гьаб баян гьабураблъун толеб буго. Гьелъул тIубараб, ракI гIорцIараб бицен хадусел хIадисаздаги бачIина, иншааллагь.

Газеталда руго чороклъизаризе шаргIалъ хIарам гьарурал аяталги хIадисалги

РОКЪОБ БАРАБ КАК (СУННАТ) – НУР БУГО, НУЖЕЦА НУЖЕРГО РУКЪЗАБАХЪ НУР БАЗАБЕ (ИБНУ ХУЗАЙМАТ)

ХIАДИС

ВАГIЗА

Дин – насихIат буго (ХIадис)

Аллагьасул ﷻ цIунизе кколел адабал

Байбихьи – 1 аб. гьум.

Къуръаналда абулеб буго (магIна): **«Дица жиналги гIадамалги рижичIо, гIицIго Диелагълъи гьабизе гIололъун гурого»**, - ян. (Сурат «Аз-Зарият», аят 56).

Аллагьас ﷻ вижарав, Гьес хьихьулев, Гьесде хIажалъулев, Гьесул кверщаликь вугев инсанасда, бокьаниги-бокьичIониги, тIадаб буго Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабизе.

Бищунго кIвар цIикIкIарал, ТIадегIанав Аллагьасул адабаздасан ккола – кидаго Аллагь ﷻ ракIалда чIезави. Гьелъие квербакъи гьабула тIарикъаталде лъугьиналъ ва тIадчIун, камилго адабалги цIунун, гьеб хIалтIизабиялъ.

Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабиялдаса берцинаб тIабигIат инсанасул цониги гьечIо. Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабизе чIухIулев инсанин абуни, кигIан гучав парччахI гьев ватаниги, гьесдаса хIакъирав лагъ вукIине рес гьечIо. БетIергьанасе лагълъи гьабизе чIухIулев инсан, живго гIадав инсанасе, яги чIужуялъе, яги гIарцуе, яги тIабигIаталъе, яги нафсалъе, яги чехьалъе, яги шайтIаналъе лагълъи гьабиялъул хIакъираб асирлъиялде ккола. Гьединал гIадамазул хIакъалъулъ ТIадегIанав Аллагьасги абулеб буго (магIна): **«Дие лагълъи гьабизе чIухIулел гIадамал, гIемер кватIичIого, цIакъ басрияб хIалалда жужахIалъуре лъугьине руго»**, - ян. (Сурат «Гъафир», аят 60).

Аллагьасе ﷻ лагълъи гьаби, гIицIго как бай, кIал кквей, Къуръан цIали, зикру бачиналда къокълъуларо. Халикъасе лагълъи гьабийин абураб жоялъ кинабго инсанасул хьвади ва гIумру жанибе бачуна. ТIадабщинаб гьабун, хIарамабщинаб рехун тун хьвадиги – Аллагьасе ﷻ лагълъи гьаби ккола. Ният лъикIаб бугони, шаргIалъ малъухъе магIишат гьабиги, квен кванайги, унтараб мехалъ дару гьабиги, эбел-инсул, кIудиязул хIурмат гьабиги, - гьебги Аллагьасе ﷻ лагълъи гьаби ккола. Къокъго абуни, Аллагь ﷻ разилъулеб гьабун, рихараб тун гIумру гьаби – Аллагьасе ﷻ лагълъи гьаби ккола.

4. Аллагьасул ﷻ адаб гьабиялдасан ккола – Гьес кьураб нигIматалъе щукру гьаби. Нилъее Аллагьас ﷻ кьурал нигIматал нилъеда рикIкIун хIалкIоларо. Цодагьабниги мунго гIадав инсанас дуе лъикIлъи гьабуни, гьесда цеве вахъун чIезе нечон вукIуна мун, «Киндай гьев веццилев, щибундай гьев рази гьавилев?» - абурал пикрабалъ уна дур заман. ЛъикIлъиги бижарав, лъикIлъи гьабулел гIадамалги рижарав, лъикIлъи гьабизеги Жинца тIамулев, Жиндир нигIматалги рикIкIунго хIалкIоларев Аллагьасукьа ﷻ кигIанха нилъ нечезеги кколел, Гьев рази гьавизеги кигIанха нилъеца яхI бахъизе кколеб?

Нужеца нигIматалде щукру гьабуни, Аллагьас ﷻ нигIмат дагьабги цIикIкIинабилилан буго Къуръаналда. Цо-цоязда ракIалде кколеб буго, «АлхIамдулиллагь, щукру – рецц Аллагьасе ﷻ буго», - ян кIалалъ абуни, щукру тIубалилан. Щукру тIубазе ккани, ракI мукIурлъизе ккола дуе щварабщинаб лъикIлъи – гIадамаз кьун щвараб букIа, кьечIого щвараб букIа – Аллагьасул ﷻ рахъалдасан щвараб букIиналъе. Гьелда тIадеги, мацIалъ Аллагьасе ﷻ рецци гьабизе ккола, тIадежоялъе, щибаб нигIмат сундуе бижун батаниги, гьеб жоялде гьеб буссинабизеги ккола. Масала, берал рижун руго Аллагьас ﷻ рижарал хIикмалъабазде ралагьизе, хирияб Къуръаналде ралагьизе, эбел-инсуде, гьудул-гьалмагъзабазде ралагьизе, дунялалъул хIажатал тIуразе. Гьел берал дуца хIарамаб рахъалде руссинаруни, чияр хIарамай чIужугIаданалде, бусурбанчиясул гIайибазде ралагьани, мун ккола беразул щукру тарав, гьеб кIудияб нигIматалде капурлъарав чи. Гьеб хIалалда щибаб нигIмат, щибаб лага сундуе гIоло бижун батаниги, гьеб нухда гьеб хIалтIизабиялда абула щукру гьабиян. БатIияб рахъалде гьеб нигIмат хIалтIизабийин абуни, нигIматалъе щукру гьабунгутIи ккола. Щукру гьабурав чиясе Аллагьас ﷻ нигIматги цIикIкIинабула, кириги гIемерлъизабула. Щукру гьабичIев чиясе, щибаб нигIмат рикIкIун, ахираталда бадибчIвайги щола.

5. Аллагьасул ﷻ адаб теялдасан ккола – кигIан гьитIинабниги, Гьес кьураб нигIмат гьитIинаблъун бихьи. Щай абуни, нилъ балагьизе ккола, кьураб жоялъухъ гурел, гьеб кьурасухъ.

ТIадегIанав Аллагьасул адаб гьабиялдасан буго – кидаго жив ТIадегIанав Аллагьасда цеве вугевлъун вихьи, лъикIабги квешабги жо гьабулаго, Гьев жиндаго аскIов вукIин лъай.

Къуръаналда абулеб буго (магIна): «Аллагь ﷻ нужгун вуго, кир нуж ругониги», - ян, ай, «Гьев нужгун вуго, Жиндир гIелмуялдалъунги къудраталдалъунги» ***(Сура «ХIадид», аят 40).***

6. Гьединго ТIадегIанав Аллагьасул адаб теялдасан ккола – гьабураб мунагь кигIан гьитIинаб бугониги, гьеб гьитIинаблъун бихьи. Мунагьалъухъ балагьичIого, лъида цебе ва лъил амруги тун, дуца гьеб мунагь гьабурабали пикру гьабизе ккола. Гьединго Аллагьасул ﷻ адаб теялдасан ккола – хасало – квач, риидал – бакъ, багIари какун кIалъай, гIазу-цIад гIемер банилан, цIад къотIун бугилан зигардулел рукIин. Амма дугIа гьабун, как бан, цIад гьаризе беццараб буго, хIатта, суннатабцин буго. Хасало хинлъи беццизе, риидал гьогьоми беццизе ккола.

7. ТIадегIанав Аллагьасул адаб гьабиялдасан ккола – Гьесукьа нечолеллъун рукIин. Инсанасул гIадат буго ханзабаздаса, къадру кIудиял гIадамаздаса нечолеб, рекъечIеб ишалда гIадамасда живго вихьизе чIолареб. ГIадамалги ханзабиги Жинца рижарав, сундаго хIалкIолев, сундулго кверщел кодосев, ТIадегIанав Аллагьасдаса кигIанха нилъ нечезе кколел? Тирмизияс бицараб хIадисалда абулеб буго Аварагас ﷺ абунилан: **"Нуж Аллагьасукьа ﷻ нече, унго-унгояб куцалда",** - ян. АсхIабзабаз абуна: «Я, Аллагьасул Расул, ниж Аллагьасукьа ﷻ нечола, рецц Аллагьасе ﷻ буго», - ян. Расулас абуна: «Нужеда ракIалде кколеб нич гуро дица а**булеб, унго-унгояб нич абула – бетIерги бетIералда жаниб бугеб жоги (берал, гIундул, кIал, мацI, пикру) цIуниялда, гьединго чехьги гьелъ жанибе бачараб жоги цIуниялда (хIарамаб, шубгьаяб, гьединго гIемераб жо кванаялдаса, гьединго хвел ва хабалъ тури ракIалде щвезабиялдаги. Ахират бокьарав чияс дунялалъул берцинлъи тола, гьес дунялалдаса ахиратги тIаса бищула. Гьеб жо гьабурав чи ккола унго-унгоги, Аллагьасукьа ﷻ нечолев чи»**, – ян.

Живго вугеб бакIалдацин, хIажалъи гьечIого ретIел тIад гьечIого, гIицIго вукIинги нич гьечIолъи ккола. Цо-цо вализабазда, Аллагьасдаса ﷻ нечон, бетIер эхеде борхизе, церехун бохдул риччан гIодор чIезецин кIолароан.

Ссалат-салам лъеяв Аварагасда цо чи

вихьана тIад ретIелги гьечIого чвердолев. Гьес абуна: «Аллагь ﷻ – хIалимав, гIайиб бахчулев, нечолев вуго, нужер цояв чвердолеб мехалъ, гIадамазда вихьулареб бакIалда чверде», – абун. Квешал пикрабазде ракIбиччан чIейги Аллагьасукьа ﷻ нечонгутIи ккола, ракIалда бугеб жо Аллагьасе ﷻ загьираб бугелъул. Амма ихтиярго гьечIого квешал пикраби рачIунел ругони, мун гьелда разиявлъунги ватичIони, гьелъул къварилъи букIунаро.

8. Аллагьасул ﷻ адаб теялдасан ккола – дуца гьабулеб гIибадат, как букIа, цогидабщинаб лъикIаб гIамал букIа, гIадамазда цебе камилго гьабун, мунго вугеб бакIалда тIасамасаго гьабун тей. Гьелда рияъ абула. Рияъги – гьитIинаб ширк кколилан хIадис буго.

9. ТIадегIанав Аллагьасул адаб гьабиялдасан ккола – дуца, цо жо гьабилилан рагIи кьураб мехалъ, «иншааллагь» – Аллагьасе ﷻ бокьун батани, - ян цадахъго аби.

10. Аллагьасул ﷻ адаб теялдасан ккола мискинлъиялдаса хIинкъун, вакъун, къечон живго ялъуни жиндир агьлу хутIиялъул ургъалида вукIин, гьединго хIарам-хIалал цIехечIого, гIужда как-кIал тIобитIичIого, магIишаталда хадув лъугьун вукIин. МагIишат тIалаб гьабизе ккола хIалалаб бакIалдаса, как-кIалалъе мукъсанлъиги ккезе биччачIого.

Хирияб хIадисалдаги буго: **«Жабрагил малаикас дир ракIалде рехана: цониги инсан хвезе гьечIо, жиндие хъвараб рикъзи тIубанго щун хадуса гурого. Гьединлъидал нужеца рикъзи тIалаб гьабе берцинго, нуж Аллагьасукьаги хIинкъа»**, - ян.

Гьединго Аллагьасул ﷻ адаб гьабиялдасан буго – гьаб хирияб хIадисалъ бицухъе Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабизе яхI бахъи: «Дуца Аллагьасе лагълъи гьабе, дуда Гьев вихьулев гIадин, – дуда Гьев вихьичIониги, Гьесда мун вихьулев вугелъул».

11. ТIадегIанав Аллагьасул адаб теялдасан ккола – жиндир къуваталда, жиндир гьунаралда мугъчIвай гьабун, цо ишалде лъугьин. Аллагьас ﷻ кьураб къуватги гьунарги хIалтIизабизе ккола, амма мугъчIвай ТIадегIанав Аллагьасде букIине ккола.

Хирияб Къуръаналда абулеб буго (магIна): «Аллагьасде мугъчIвай гьабурав чиясе гIей гьабулев, гьесие хIалае кидаго Живго Аллагь ﷻ вукIуна», - ян (Сурат «АтI-ТIалакъ», аят 3).

12. Гьединго ТIадегIанав Аллагьасул адаб теялдасан ккола, кигIан гIемер тIагIат-гIибадат гьабуниги, лъикIаб иш гьабуниги, гьеб жо жиндирго гьунаралдалъун бугилан абун ракIалде ккей. Нилъеда кIочене бегьуларо нилъеца лъикIаб иш Аллагьасул ﷻ тавпикъалдалъун гьабулеб букIин. Аллагьасул ﷻ кумек нилъеда кIочани, нилъ нилъедаго цIакъал чагIийин ккола ва нилъги къосуна, жиб лъикIабилан ракIалде ккун иблис къосараб кинигин. Аллагьас ﷻ гьелдасаги цIунаги!

13. Аллагьасул ﷺ адаб тей ккола – гIадамаздаса хIинкъун, яги гьезде хьул лъун кидаго вукIин. Аллагьасе ﷻ гьабулеб тIагIаталъе кIудияб ками ккезабула гьелъ. Аллагьас ﷻ хъвачIеб жоялдалъун, гIадамазда дуе я зарал, я мунфагIат гьабизе кIоларо.

ХIадисалда абулеб буго: «ТIолабго уммат данделъани дуе пайда гьабизеян, гьез дуе пайда гьабуларо, Аллагьас ﷻ хъвараб жоялдалъун гурого. Гьединго тIолабго уммат данделъани дуе зарал гьабизеян, гьез дуе зарал гьабуларо, Аллагьас ﷻ дуе хъвараб жоялдалъун гурого», — ян. (Тирмизи).

14. ТIадегIанав Аллагьасул адаб теялдасан ккола – Гьес кьураб жоялда разилъунгутIи, Гьес тIаде риччарал балагьазда сабру гьабунгутIи. «ХIадисул Къудсиялда» буго: «ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго (магIна): **«Дица кьураб жоялдаги разилъуларев, биччараб балагьалда сабруги гьабуларев чи, Дир ракьалда тIасаги, Дир зобалда гъоркьаги къватIиве а, гьес жиндиего батIияв Аллагьги ﷻ тIалаб гьаве»,** — абун.

15. ТIадегIанав Аллагьасул адаб теялдасан ккола – дунялги дунялалъул агьлуги кIодолъун бихьи. Дунял – Аллагьас ﷻ гIодобегIан гьабураб жо ккола, гьеб кIодо гьабулев чи ккола – Аллагьас ﷻ гIодобегIан гьабураб жо кIодо гьабулев чилъун. Аллагьас ﷻ гьединав чи живгоги гIодовегIан гьавула.

КигIан гIемер тIагIатгIибадат гьабуниги, букIине кколеб куцалъ Аллагьасе лагълъи гьабизе бажарунгутIиялда мукIурлъи – гьебги Аллагьасул ﷻ адаб гьабиялдасан ккола.

16. ТIадегIанав Аллагьасул адаб теялдасан ккола – цо-цо ахIмакъал гIадамаз Аллагьасул ﷻ хIакъалъулъ гIадамал релъанхъизарулел, махсароялъул рагIаби рехи ва, гьезухъ гIенеккун, инкар гьабичIого чIей. Гьединал жал цо-цо бусурбабазги рицуна. Аллагьасул ﷻ цIаралда сверухъ махсаро гьабизе бегьуларо. Гьелдалъун Аллагьасул ﷻ ццим бахъани, Гьесул ццималда цебе чIезе кIолеб жо букIунаро. Гьединал махсарабаз купруялде ккезеги рес букIуна.

17. ТIадегIанав Аллагьасул адаб теялдасан ккола – цо-цо гIадамаз, гIурус мацIалда рекъезабизеянги лъугьун, «бог», ялъуни «Аллах», абун Гьесул цIар хисизабун аби яги хъвай.

Бищунго лъикIаб буго, БетIергьанасул цIар бахъулеб мехалъ, «Аллагьу тагIала» – ян, «Аллагьу гIазза ва жала» – ян, «Аллагьу субхIанагьу ва тагIала» – ян аби.

18. Аллагьасул ﷺ адаб теялдасан ккола – гIадан чIухIи ва живго кIодолъун вихьи. «ХIадисул Къудсиялда» буго: «ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго (магIна): **«ЧIухIиги кIодолъиги Дие – хасаб амру буго, гьеб амруялъулъ Дунгун къацандулев чи Дица бакьулъа векизе вуго»,** - ян. (Гьаб «ХIадисул Къудси» ХIакимица бицана кьучIаб иснадалдалъун).

"АССАЛАМАЛЪУЛ" редакция

Газеталда руго чороклъизаризе шаргIалъ хIарам гьарурал аяталги хIадисалги

ХIАДИС

ЩИВ ЧИ ВУГОНИГИ РОГЬАЛИЛ КАК БАН, ХАДУБ БАКЪ БАККИЗЕГIАН АЛЛАГЬ РЕХСОН, ГЬЕСДА КИДАНИГИ ЖУЖАХIАЛЪУЛ ЦIА ХЪВАЛАРО (ИБНУ АБИДДУНЯ)

ТАСАВВУФ

ТIарикъаталъул аслу - Къуръан-хIадис

ГIабдулкъадир Гиланияс абуна: «ШаригIаталъ тасдикъ гьабулареб хIакъикъат зиндикълъи кколилан». Зиндикъ абула тIаса бусурманав, жаниса капурав чиясда. Гьединго гьев мубаракас абуна: «Мун Аллагьасухъе воржа Къуръаналъулги хIадисалъулги – кIиябго кваркьиялдалъун» - абун.

Сагьлу Тустуриясги абуна: «Нижер аслу кIиго жо буго: Къуръаналда рекъон хьвадиги суннаталда нахърилълъинги», - ян.

АбулхIасан Шазилиясги абуна: «Дур кашфу Къуръан-хIадисалда данде ккечIони, дуца, кашфуги жибго тун, Къуръан-хIадис ккве»,-ян.

ГIабдул Вагьаб ШагIраниясги абуна: «ТIарикъаталда вугев муридасул кинабго вагъариги чIейги шаригIаталъул цIадирабазда лъун букIине ккола»,-ян.

АхIмад Зарукъица абуна: «Суннатаздалъун жив загьирлъуларев шайихасдаса

аза-азар карамат бихьаниги, гьесда нахърилълъине бегьуларо», - ян.

Ибрагьим Насрабазиясги абуна: «Тасаввуфалъул аслуго Къуръан-хIадисалда тIадчIей гьабиги гьава-нафс рикIкIад гьабиги ккола», - ян.

МухIаммад Накъшубандиясги абуна: «Гьаб нижер нух МухIаммад аварагасул ﷺ суннаталдаги асхIабзабазул, табигIиназул асараздаги нахърилълъиналда бухьараб буго», - абун.

МухIйидин бину ГIарабиясги абуна: «Суфизабазул гIелмуялде щвезе ккани, Аллагьасукьаги хIинкъун, Гьес малъухъе хьвадизе ккола», - ян.

Имам Гъазалиясги абуна: «Мун Аварагасда ﷺ нахъвилълъа, дурго гIакълуялъ малъамалъараб гьабичIого», - абун.

МахIмуд Афандиясги абуна: «Паризааб какалъул къабулаб кIиго ракагIат дие бокьила, Аллагьас ﷻ дие кьурал кашфу-караматаздаса», - ян.

Сайфуллагь-къадиясги хъвалеб буго: «ШаргIияб нухда витIун чIей караматалдаса тIадегIанаб буго», - ян.

Имаму Раббаниясги хъвалеб буго: «Нилъеда чара гьечIого тIадаб буго, Аллагьасул ﷻ амрабазда нахърилълъинги, Гьес гьукъарал жалаздаса рикIкIалъиги» - абун. Гьес къвакIун лъазабулеб буго Аварагасул ﷺ суннат щулаго кквеян.

ХIасан-афандиясги абулеб буго: азарго кашфу-караматалдаса Аллагьасул ﷻ нух кквей лъикIаб бугилан.

Халидшагь Багъдадиясги абулеб буго: «Илгьамалда гIамал гьабизе бегьуларо, гIамал гьабизе ккола Къуръан-хIадисалда», - абун.

ЧIикIаса СагIид-афандиясги хъвалеб буго:

«Гьаваялда воржанхъи
караматлъун рикIкIунес
КIкIара-тIутIалдасаги
тIалаб гьабе шафагIат.
ШафигIасул нух кквезе
мурад бугев тIалибас
ТIаса бище иттибагI,
те кашфу тIалаб гьаби.

ИттибагI абула Аварагасул ﷺ нух кквеялда.

Гьалдалъун нилъеда бихьана хIакъал суфизабазул аслияб мурад Къуръан-хIадисалде, хIакъаб шаригIаталде гIадамал ахIи букIин.

-Бусурманчияс тIарикъаталъул устар кквезе тIадаб бугищ?

-Бусурманчияс устар кквезе тIадаб букIиналъе гIакълиялги накълиялги хIужаби руго. (Накълиял хIужаби абула Къуръан-хIадисаздаса, имамзабазул каламалдаса росарал хIужабазда).

-Устар кквеялъе гIакълиял хIужаби кинал ругел?

-Нилъеда бихьула инсан, унтараб механ, тохтурасде хIажалъулев вукIин. Кинавниги инсан (аварагзаби хутIун) жанисел унтабаз унтарал рукIуна. Масала, хIасад, рияъ, чIухIи, гIужбу, дунял бокьи гIадал унтабаз унтарал рукIуна. Гьел унтаби сахлъизарулел тохтурзаби ккола хIакъал устарзаби. Инсан, черхалъул унтаби сах гьаризе загьирал тохтурзабазде хIажалъулев гIадин, жанисел, рухIиял унтаби сах гьарулел тохтурзабаздеги хIажалъула. **Гьеб цо.**

КIиабилеб: Нилъеда бихьула гIалхуда жибго бижараб, гIураб гъветIалъ кьолеб пихъги, ахихъанас хIалтIи тIад гьабун, бижараб гъветIалъ кьураб пихъги. Живго жиндаго чIун камиллъиялде вахъинеян лъугьарав чиясул мисал релълъуна гьеб гIалхуда бижараб гъотIол пихъалда.

Лъабабилеб: Дунялалъул цониги гIалимчи вахъунев гьечIо, яги дунялалъул махщел-гьунар камиллъулеб гьечIо, яги диналъул гIалимчи вахъунев гьечIо, цоги инсанасул квер чIван, гьес кумек гьабун, гьес малъун гурого. Инсан, вижудасаго, Аллагьас ﷻ вижун вуго цогидазде хIажатавлъун. Гьавураб къоялдасаго, гьитIинго вугеб механ, эбел-инсуде хIажалъулев вуго инсан, лъималазул яслиялдасан байбихьун, школа, институт лъугIизабизеги кидаго инсан цогидазул кумекалде хIажалъулев вуго. Исламияб диналда жанив камиллъиялде вахиналдаса захIматаб жо гьечIо инсанасе. Киса-кивего цогидазде хIажалъулев инсан, Аллагьасул ﷻ нухда камиллъизе кканиги, лъай бугел, гIелму лъалел гIалимзабазде хIажалъула.

Ункъабилеб: Цо бакIалде щвезе бокьарав чиясул нух халатабги батани, рохь къотIун унебги бугони, нухда инсан къосине бегьулел гIемерал рикьалабиги ругони, гьеб нухда гIалхул жанавараз, борхьаз чIвазе хIинкъиги бугони, гьесие, гьеб нух къотIун жиндирго мурадалде щвезе ккани, нухалъул хIал лъалев чи къваригIуна чара гьечIого. Аллагьасде ﷻ инсан вачунеб нух, шаригIат ккола чиясе бищун захIматаб нух, щай абуни, гьеб ккола балугълъараб къоялдаса хабалъе инегIан щибаб лахIзаталда Аллагьас ﷻ нилъер хIал бихьулеб нух. ШаригIат ккола, дунялалда вугевщинав чиги хIисабалде восун, Аллагьас ﷻ бихьизабураб нух. Гьеб нухда руго дунялалъул, гIалхул азаазар жанавар кIочарал жанаварал. Бищун кIудияб тушман – жиндирго нафс, Къуръан-хIадисалъ «баянаб тушманилан» жинда цIар тараб, лахIзаталъ кьижулареб шайтIан, батIибатIияб гIамал-хасияталъул кидаго дандчIвалел гIадамал, нилъедаго лъачIого нилъер ракI хадуб цIан унеб дунялалъул берцинлъи, 50-100 соналъул халалъи бугеб гIумрудул нух. Гьеб нухда унев чиясе нухмалъулев чи къваригIунарин гIакълу бугев чияс абуларо.

ЛЪИКIАЛ ГIАМАЛАЛ

Къуръан-хIадисазда рачIарал, кидаго гьаризе лъикIал дугIаби

1. **«Раббана атина фи ддуня хIасанатан ва фил ахирати хIасанатан ва къина гIазабаннари».** МагIна: «Я нижер БетIергьан, Дуца нижее дунялалдаги лъикIлъи кье, ахираталдаги лъикIлъи кье. Дуца ниж жужахIалъул гIазабалдасаги цIуне». Гьеб ккола ссалат-салам лъеяв Аллагьасул расулас бищун гIемер гьабулеб букIараб дугIа.

2. ***«Раббана заламна анфусана ва иллам тагъфир лана ва тархIамна ланакунанна миналь хасирина».***

МагIна: *«Я нижер БетIергьан, нижеца нижерго нафсазе зулму гьабуна, Дуца нижер мунагьалги чуричIони, Мун нижедаги гурхIичIони, ниж талихI къараздаса ва гьалаглъараздаса рукIине руго».* Гьаб ккола тавбу къабуллъизе жидеда салам лъеял Адамицаги ХIавацаги гьабураб дугIа.

3. ***«Ла илагьа илла анта субхIанака инни кунту мина ззалимина».***

МагIна: *«Я нижер БетIергьан, Дуца ниж залимаб къавмалъе фитналъунги гьаруге, Дуца Дурго рахIматалдалъун капураб къавмалдасаги цIуне ниж».* Гьаб буго Муса аварагасда ﷺ иман лъураб къавмалъ ФиргIавнидаса цIунизе гIоло гьабураб дугIа.

9. **«Рабби инни лима анзалта илаййа мин хайрин факъир».**

МагIна: «Я дир БетIергьан, дун Дуца диде ращтIинабулеб лъикIлъиялде хIажатав вуго». Гьаб буго Мадяналде щвараб механ, вакъунги вукIун, Мусаца ﷺ, гъотIол рагIдукьги чIун, гьабураб дугIа.

10. ***«Раббана аманна бима анзалта ваттабагIна ррасула фактубна магIа щагьидина».***

МагIна: *«Я нижер БетIергьан, нижеца иман лъуна Дуца рещтIинабураб жоялда, ниж гьав расуласда нахъги рилълъана, Дуца ниж хъвай нугIлъи гьабулезда цадахъ».*

Гьаб буго ГIиса аварагасул (гI. с.) хIаварийуназ гьабураб дугIа.

11. ***«Рабби зидни гIилман».***

МагIна: *«Я дир БетIергьан, Дуца дие гIелму цIикIкIинабе».* Гьаб ккола ТIадегIанав Аллагьас МухIаммад аварагасда ﷺ амру гьабураб дугIа.

■

РУБРИКА БАЧУНЕБ БУГО

КъурамухIаммад–хIажи РАМАЗАНОВАС

МагIна: *«Я нижер БетIергьан, Дуца нижер гьабураб гIамал къабул гьабе, хIакълъунго, Мун – кинабго жо рагIулевги лъалевги вуго».*

Гьаб буго, жидеда салам лъеял, Ибрагьим аварагас ﷺ ва гьесул вас ИсмагIил аварагас ﷺ КагIба балаго гьабулеб букIараб дугIа.

7. ***«Раббирхламгьума кама раббаяни сагъиран».*** МагIна: *«Я дир Аллагь, Мун гьел кIияздаго (дир эбел-инсуда) гурхIа, гьел дида гурхIарал гIадин, гьитIинго гьез дун хьихьун гIезавулеб механ».* Гьаб буго хирияб Къуръаналда муъминзабаз эбел-инсуе гьабизе бихьизабураб дугIа.

8. ***«Раббана ла тажгIална фитнатан лилкъавми ззалимина ва нажжина бирахIматика минал къавмил кафирина».***

МагIна: *«Мун гурого, жиндие лагълъи гьабизе бегьулеб щибго жо батун гьечIо. Мун Дуе рекъоларелщинал сипатаздаса, мукъсанлъабаздаса вацIцIадав вуго. ХIакълъунго, дун дирго напсалъе зулму гьабураздасан ккола».*

Гьаб буго Юнус аварагас (гI.с.), ччугIил чохьонив вукIаго, гьабураб дугIа:

4. ***«Раббана атина мин ладунка рахIматан ва гьайййиъ лана мин амрина рашадан».***

«Я нижер БетIергьан, Дуца нижее Дур хазинабаздасан рахIмат кье, нижер ишги лъикI гьабе, тIагIаталъе кверги бакъе». Гьаб буго асхIабул кагьфаз, Аллагьги ﷻ цо гьавун, капурав ханасдасаги тIурун, нохъоде араб механ гьабураб дугIа.

5. ***«Раббана гьаб лана мин азважина ва зурриятина къуррата агIюнин важгIална лилмуттакъина имаман».***

МагIна: *«Я нижер БетIергьан, Дуца нижер руччабиги наслуги нижер бер хIалхьулел, бохизабулеллъун гьаре. Дуца нижги гьаре Аллагьасдаса ﷻ хIинкъулезул церехъабилъун».* Гьаб буго хирияб Къуръаналъул лъикIал муъминзабазе рецц гьабулаго, гьезул сифатазулъ рехсараб дугIа.

6. ***«Раббана такъаббал минна иннака анта ссамигIул гIалим».***

Газеталда руго чороклъизаризе шаргIалъ хIарам гьарурал аяталги хIадисалги

ЗАМЗАМАЛЪУЛ ЛЪИМ ГЬЕКЪАРАСЕ ГЬЕВ ГIОРЦIИЗАВУЛЕБ КВЕНГИ БУГО, УНТАРАЗЕ ДАРУГИ БУГО (БАЗЗАР)

ХIАДИС

КIИКЪОГО ХIАДИС

КIиабилеб хIадис

ГIумар-асхIабасдасан бицана: «Цо къоялъ, ниж Аллагьасул илчиясда ﷺ аскIор ругеб мехалъ, нижеде тIаде ваккун вачIана ретIелалъул хъахIлъи цIакъ гвангъарав, ай, цIакъ ретIел бацIцIадав цо чи».

Гьалдасан бичIчIула, тIад бугеб ретIел бацIцIад гьабизеги, къачIакIатIай лъикI гьабизеги, гьуин махIал гьаризеги суннатаб букIин мажгиталъуве, гIалимзабазда ва лъикIал гIадамазда аскIове унеб мехалъ, хасго гьеб суннатаб буго гIалимзабазеги мутагIилзабазеги.

Гьеб щула гьабулеб цоги хIадис буго: **«ХIакълъунго, ислам – цIакъ бацIцIадаб, гъиз гъорлъ гьечIеб жо буго, нужеца рацIцIалъи тIалаб гьабе»,** ай, нужеца нужерго тIаса рахъ – ретIел-хьит, квен-тIех, гьумер-черх гъизалдаса, хъублъиялдаса бацIцIад гьабе. Жаниса рахъги бацIцIад чIезабе, гIакъидат (Аллагьасда ﷻ иман лъей) бацIцIад гьабун, Аллагьасда ﷻ щаклъи тун, гьаваялдаса рикIкIалъун. РакIалги рацIцIад чIезаре рекIел хъублъиялдаса, ракIхвеялдаса, жахIда-хIусудалдаса. ХIакълъунго, загьирги батIинги бацIцIад гьабурав чи гурони, Алжаналде лъугьинаро.

«Дов чи вукIана магжил рас цIакъ чIегIерав, сапаралъул асар: хIур, гIетI, свак ва цогидабги жинда гьечIев, нижеда, ай, аскIор рукIарал асхIабзабаздасан цонигиясда жив лъаларев. Гьев чи Аварагасда ﷺ аскIов гIодов чIана, жиндир кIиябго накуги Аварагасул ﷺ кIиябго накуялда цузабун». Гьелдасан бичIчIула, Авараг ﷺ накабазда гIодов чIун вукIин ва, гьесул накабазда накабиги цузарун, гьесда цеве дов чиги гIодов чIей. «Гьев чияс жиндир кIиябго квер жиндирго кIиябго мачIчIалда тIад лъуна ва абуна: **«Я МухIаммад, дуца дида бице ислам щибали»**, - ян.

ИСЛАМ

Аллагьасул ﷺ илчияс абуна: **«Ислам абулеб жо – дуца ракIчIун, лъан, хIакълъиялдалъун жиндие лагълъи гьабизе кколеб щибго жо, щивго чи гьечIин, цохIо Аллагь ﷻ, гуроний, ва, хIакълъунго, МухIаммад Аварагги ﷺ хIакъав, битIараб динул ислам босун витIарав, Аллагьасул ﷺ илчи вугилан нугIлъи гьаби буго».**

Гьаб шагьадат гIумруялда жаниб цо нухалъ абизе тIадаб буго щивав бусурбанчиясда, исламияб дин къабул гьабизе нийятги гьабун. Гьедин цебеккун ния гьабун батичIони, тавбу гьабулеб мехалъ гьединаб нийятгун бухьинабуни, гIола.

«Дуца къол щуябго как жиндир гIужда байги буго». Щиб жо кколеб гьеб как? Гьеб буго рагIабиги ишги «Аллагьу Акбаралдалъун» байбихьулеб, саламалдалъун лъугIулеб, гIакълу бугев чиясда кидаго тIасаги кколареб фарз.

«Дуца, закатги бахъун, хIакъал, мустахIикъал чагIазухъе щвезабиги буго». Закат тIалъула боцIуда, чамасдакалда, цIибилалда, тIорщалида, гIарац-меседалда, даран-базаралъул къайи-матахIалда, гьел рахине кколеб, чIезабураб къадаралде рахараб мехалъ. КIал биччаялъул сахI бахъизеги ккола, ахирисеб кIалалъул бакъ щинкIизегIан, чIаго вугев гIадамил лъимадаса, гьеб къоялъ гьабураб лъимер батаниги.

«Дуца тIубараб рамазан моцIалъ кIал кквей буго» (29 къо бугеб батаниги 30 къо бугеб батаниги.)

«Дуда хIал кIвани, нух щун, рекIине жо щун, добеги нахъеги харжалъе къваригIунеб боцIи щун, КагIба рукъалде хIеж гьабиги буго», - ян.

Дов чияс абуна: **«Дуца битIун бицана»,** - ян. Нижеца гIажаиблъи гьабуна гъов чияс, жинцаго гьикъизеги гьикъун, жинцаго Авараг ﷺ ритIухъ гьавулев вукIиналда.

Дов чияс абуна:**"Дуца дида иман щибалиги бице"** - ян.

ИМАН

Щиб жо иман? Иман, гIараб мацIалда, цо жоялда божи буго. Амма, шаргIалда рекъон, гьеб буго – чара гьечIого тIадаблъун нилъер Аварагасул ﷺ диналдаса жиб бачIараб жо лъазе гьаби, ялъуни, иман буго – лъабго бутIаялдасан данде гьабураб жо:

а) Аварагасдасан бачIараб хIакъаб жоялда ракIчIезаби;

б) гьеб ритIухъ гьабун мацIалдалъун мукIурлъи;

в)гьелъ тIалаб гьабулеб жоялда лугбуздалъун гIамал гьаби.

РакI чIечIев, ракIалъ ритIухъ гьабичIев, мацIалдалъун мукIурлъарав чи – мунафикъ вуго. РакIги божичIев, мацIалдалъунги мукIурлъичIев чи – капурчи вуго. РакIги божарав, мацIги мукIурлъарав, амма гIамалал гьаричIев чи – фасикъ вуго.

Аварагас ﷺ абуна: «Иман ккола:

1. Аллагьасда иман лъей.

2. Аллагьасул малаикзабазда иман лъей.

3. Аллагьасул тIахьаздаги иман лъей, гьел азалиял, хIарпаздаса, гьаркьаздаса рацIцIадал Аллагьасул ﷻ каламал рукIиналда божи.

Гьел нусиялда ункъо руго: Шис аварагасде рещтIана кIикъоялда анцIго, лъеберго Идрисиде рещтIана, анцIго – Адамиде, анцIго Ибрагьимиде рещтIана. Мусаде- "Таврат"; Давудиде - "Забур", ГIисаде – «Инжил», «Фуркъан» нилъер Авараг ﷺ МухIаммадиде рещтIана. Аллагьасул ссалатги саламги лъеги гьезда.

4. Аллагьасул ﷻ илчизабазда, гьел хIакъаб диналде халкъ тIобитIизе ритIарал аварагзаби рукIиналда божи.

5. Ахир къиямасеб къоялда божи. Гьелъ жанибе бачуна хваралдаса нахъе бугебщинаб жо, МункарНакирасул цIех-рех, хабалъ букIунеб нигIмат-гIазаб, лъикIасе лъикIаб, квешасе квешаб жазаъ гьаби, сур пун, тIаде рахъине гьари, цIадирабиги лъун, хIисаб гьаби, сиратI бахине тIами, гьенисан ялъуни алжаналде, ялъуни жужахIалде ккей.

6. «Къадаралде иман лъейги буго», - ян абуна Аварагас ﷺ. Ай, азалалда Аллагьас ﷻ жиндирго цебегосеб лъаялда рекъон чIезе гьабурабщинаб жоялда ва гьеб лъаялда рекъон гьеб чIезе гьабураб жо жиб-жиб заманалда батизе гьабиялдаги, лъикIаб букIаниги, квешаб букIаниги, доб къадар Аллагьасдасан ﷻ букIиналда божи. **«БитIун бицана дуца»,** - ян абуна дов чияс.

Цинги дов чияс абуна: **«Дуца дида бице ихIсан щибалиги»**, - ян.

ИХIСАН

Аварагас ﷺ абуна: **«ИхIсан абулеб жо – дуца Аллагьасе ﷻ лагълъи гьаби буго, дуда Дов вихьулев вугев гIадин, ай Досда цеве чIун вугев гIадин, – дуда Дов вихьулев ватичIониги, Досда мун вихьулелъул»,** - абун. Ай, лагълъи гьабулеб мехалъ, хьулалдаги хIелхIелалдаги гьоркьов, берцинго, рекIел рахIаталда, кинабго пикруги Аллагьасдехун буссинабун, мукIурлъиялда цеве чIун, Гьев дур киналго лугбузде ваккулев вугевлъун ва Гьесдаса цо щибниги балъго гьабизе, бахчизе кIолареблъун, бичIчIун, гIибадат гьабила.

Дов чияс абуна: **«БитIараб бицунеб буго дуца»**, - ян. Хадубги гьес абуна: **«Дуца дида бице Къиямасеб къо чIолеб заманалъул хIакъалъулъ»**, - абун.

Аварагас ﷺ абуна: **«Дида гьеб гьикъулев чиясдаса цIикIкIун гьеб суал лъалевлъун дун гьечIо!»**, - ян.

Дов чияс нахъеги абуна: **«Гьедин батани, дуца дида рице, гьелъул (Къиямасеб къо чIезе гIагарлъиялъул) гIисинал гIаламатал»**, - абун.

Аварагас ﷺ абуна: **«Гьездасан ккола: гъаравашалъ жиндирго бетIергьан хан гьави.** (Гьеб ккезе бегьула гьадин: Масала, рагъда ккун рачIарал руччаби гIемерлъун, гьез бетIергьабазе вас, яс гьарун, ялъуни, гьединал чагIи гIемерлъун, цереса цере ричулаго, лъачIого, ясалъ эбел йичун йосун ва гъаравашлъун ккун, ялъуни ханзабазе гъаравашаз лъимал гьарун, гъоздаса улбул балъго гьарун, цинги гъозул бетIергьабилъун лъимал лъугьун, ялъуни лъималаз эбел-инсуе гIакъуба кьун, рагъун, кьабун, эбел-инсуде хьандон, хIатта, чIван, гьединаб къагIидаялъ улбул гъаравашазул бакIалде ккезарун.

ХIатIал, бохдул цере лъурал, гьел гIицIго хьвадулел гIадамал дуда рихьи, черх гIицIал, тIад тIубан черх бахчулеб ретIел гьечIого хьвадулел гIадамал дуда рихьи ва цIакъ сунде бугониги хIажатал, щибго жо жидер гьечIел гIадамал гIемерлъи, жидеца минаби рорхатал ва кIудиял ралел гIиязул гIухьби гIемерлъи», -ян. Гьел гурелги, гьединал гIисинал гIаламатал тIахьазда щунусгоялде гIагарун рехсон руго.

Гьездасан дагьа-макъалго рехсезин:

ХIакимзаби гIадлу гьечIел, халкъалъул тIалаб гьечIел лъугьин; хIукмабазулъ бащалъи гьечIолъи; зулмаби гIемерлъи; мунагьал гIемерлъи; божилъи-аманат дагьлъи ва хиянат гIемерлъи; рикъзиялъулъ баракат дагьлъи; халкъалъул гIарзал гIемерлъи; цо чиясда жиндиего бугеб къварилъи бицине лъугьани, дагьабги кIудияб гъосулги бати; риба гIемерлъи, гьеб сундулъго кибго тIибитIи; Къуръан махсароде кквей, гьеб кочIой ахIулеб гIадин, къватIазда, нухазда, базаразда цIали; мажгитаздаса гIемер мацI, гIала-гъважа, гъибат-бугьтан, ихтилатхочI, махсаро гьабулел бакIал рай; хIакимзабаца ришват боси тIибитIи, гьеб гьукъизе кIвеялдаса ин; гьебги босун, хIакимзабаца батIулаб цебе гьаби, хIакъаб нахъе гьаби; рии, хасел батIа гьабизе лъаларе хIалалъ гьава хисун лъугьин; ахиратги кIочон тун, балканалде гьаби гIадин, дунял хачаялде тIаде гIадамал ракIари; мажгитазда, щиб-щибниги бицун, гьаркьал рорхи; дин гуреб жоялъе гIоло гIелму цIакъ тIалаб гьаби; чIужуялъе бетIергьанчи мутIигIлъи, гьелдаса эбел-эмен гIодорегIан гьари; гIалимзаби лъугIун, гIелму рагIалдегIан ккей; зина гIемерлъи; ракь багъари гIемерлъи; хиянатчи божарав чилъун гьави, божарав чи хиянатчилъун гьави; гIадамаца цоцазе гIакъуба кьей гIемерлъи; лъимал гогьал, хIалихьатал лъугьин; питнаби, чIвай-хъвей гIемерлъун шагьарал пасалъи; вулканал загьирлъи; рагъал, питна гIемерлъи.

Цинги дов чи ана. Авараг ﷺ гIезегIан мехалъ вуцIцIун чIана. Цинги абуна: **«Я ГIумар! Дуда лъалищ гьадав, суалал кьолев чи щивали?»**- ян. Дица абуна: «Аллагьги ﷻ Гьесул аварагги ﷺ цIакъ лъалев вуго», - ян. Аварагас ﷺ абуна: **«Дов Жабраил малаик вуго, нужеда, суалазул кумекалдалъун, нужер исламияб диналъул ахIкамалги къагIидабиги лъазаризе нужехъе вачIарав»**, - абун.

Гьаб хIадис бицана Муслимица. Гьеб цIакъ кIудияб, кIвар бугеб хIадис буго, диналъул киналго загьирал ва батIинал къагIидабазул ва гIамалазул бицунеб хIадис бугелъул ва гьеб бусурманчиясда бищун цебе лъазе кколеб жоги бугелъул.

Газеталда руго чороклъизаризе шаргIалъ хIарам гьарурал аяталги хIадисалги

ХIАДИС

НУЖ РИЗКЪИ ТIАЛАБ ГЬАБИЗЕ РАДАЛ ЦУДУНГО А, ХIАКЪЛЪУНГО, РАДАКЬЕ ГIУЖАЛЪ БАРАКАТ ВА БЕРГЬЕНЛЪИ БУКIУНА. (ТIАБРАНИ, БАЗЗАР)

ДЕРЕЦ

Аллагьасда ﷻ релълъарав щивго гьечIо

Цо нухалъ жидерго мугIалимгун цадахъ лъимал щола шагьаралъул зоопаркалде. БатIи-батIиял гIалхул хIайваназул хал гьабулаго, тира-сверулел гьезда бихьула, квералъги ккун, банан кваналеб маймалак.

- Балагье, балагье, маймалакги кваналеб буго гIадан гIадин! МугIалим, гьеб кидагойищ кверал кваналеб? – ан, хIикмалъарав гIадин, гьикъула Камалица.

-Узухъда, - ян жаваб кьола гьесие мугIалимас, - гIицIго кванай гуребги, маймалаказул ва цогидал хIайваназул черхалъул гIуцIи буго гIадамазда релълъараб, инсанасулго гIадин, хIайваназулги рукIуна берал, гIундул, хIатIал ва цогидал лугби. ХIайваналги, инсанго гIадин, рачIуна ракьалде, цинги хола. Щибаб хIайваналъул буго жиндирго хасаб берцинлъи. Нилъеца тIалаб-агъаз гьабизе ккола гьезул. Гьезие гIакъуба кьезе бегьуларо. Кинабго Аллагьас ﷻ бижараб буго, гьеб нилъее бокьизе ккола. Хал гьабе гьадаб борхатаб бигьародул гъотIохъ. Добги чIагояб буго. Долъиеги хIажалъула лъим, квен, ай, ракьги лъимги гьечIони, гьеб бакъвала. Квенги лъимги гьечIони, инсанги хвеларищха?

-Гьедин батани, кинабго чIагоябщиналъул цоцада релълъин-хъвай бугеб къагIидаха, - ян абула Камалица.

ГIаммаб релълъин-хъвай буго, Камал, гIицIго чIагояб тIабигIаталъул, хIайваназул, гIадамазул гуребги, тIолабго Аллагьас ﷻ бижанщинаб сверухълъиялъул. Гьеб кинабго гIуцIун буго цIакъ гIисинал бутIабаздасан.

-Лъида релълъаравха Аллагь вугев? – ан гьикъула циндаго Жамиляца.

Гьеб суалалъ батIияб темаялъул бахIс бижизабула лъималазда гьоркьоб. Гьезул щивасул букIуна жиде-жидер пикру ва киналго вас-васдилелги рукIуна жал ритIарал ругодаян. Гьебмехалъ лъималаз гIалимасда гьарула жидер бахIс къотIизабизе битIараб жаваб кьейилан.

- Нужер цохIоялнигги ритIарал гьечIо. Аллагь ﷻ Жинца бижараб сундаго ва лъидаго релълъарав гьечIо. Гьелъул бицун нуж тIокIалъ дагIбадуге. Нилъ гIицIго ракI-ракIалъ божизе ккола Аллагь ﷻ букIиналда.

Гьебмехалъ ФатIимаца гьикъана: - Щайха нилъеда лъидаго лъаларев Аллагь кинав вугевали?».

-Щайгурелъул гьелъие гIураб лъай гьечIо… инсанасул. Аллагьас ﷻ нилъее кьураб гурони нилъеда лъазе рес букIунаро. Нилъеда лъазе ккола тIолабго дунял, бакъ, моцI – кинабго Аллагьас ﷻ бижараб букIин. Аллагь ﷻ сундего ва лъидего хIажатав гьечIо. Гьев вуго хIалкIолев, къудратав ва Жинцаго бижанщиналъе цIоб гIатIидав.

Бекун зоб кьеянги лъугьуна лъимал

Дир гIисинал гьудулзаби, нужеда лъалищ, лъикIав бусурманчияс жиндирго гIамалалъул ритIухълъи- тIекълъи батIа бахъиялъе кидаго Къуръан-хIадисазда мугъчIвай гьабулеблъи? Гьениб бицун бугелъул гIадамазе зарал кколаредухъ гIумру гьабизе кколеб къагIида. ЧIахIияз Къуръан-хIадисаздаса хIукму босулеб гIадин, нужецаги кидаго эбел-инсуда гьикъизе ккола: кин гьабуни лъикI букIунебан. Нужерго пикруги ккун, ай, дие гьадин бокьун бугилан тIирун чIезе бегьуларо. Эбел-инсухъ гIенеккани, хадур, чIахIиял гIедал, нуж гьелдаса разилъизе руго. Нужгоги рахъине ругелъулха эбел-эменлъун. Дица гьаниб мисалалъе бачина цо-цо лъималазул гIамал бихьизабулеб кIиго лъугьа-бахъин.

ГьитIинав вас гIодун вуго жиндихъе васандизе нус кьеян. Эбелалъги кьун буго. Гьебмехалъ аскIой йикIун йиго мадугьал. Гьелъ абун буго: «Лъимал бекун зодил кесек кьеянги лугьине бегьула, амма нилъеца гьезухъе бокьарабщинаб кьезе кколаро». Мадугьалалъул гIакълу битIараб бугинги абун, эбелалъ васасухъа нахъе босун буго нус. Гьезул хабар рагIарав вас жиндие бекун зоб кьеян гIодизе лъугьун вуго.

Гьединго гIемерай гьардон, гIодун яс чIечIого, эбелалъ гьелъухъе кьун буго хьухьарулеб гIучI. Эбелги тохлъун, ясалъ гьеб гIучI жиндирго бадиб тункун буго. Беццлъун буго гьелъул цояб бер. КIудияйги гIун гIакълу-лъай щвараб мехалъ, гьелъ эбелалда гьикъун буго, щай жиндир цояб бер беццаб бугебан. Эбелалъги бицун буго, дур гьари нахъчIвазе бокьичIого, гIодулейги йикIун кьун букIанин духъе хьухьарулеб гIучIилан. Гьебмехалъ ясалъ пашманго гьадин абун буго эбелалда: «ГьанжелъизегIан гIодилаандай, эбел, дун…»- илан.

Аллагьасул ﷻ сипат цIехоге

Дуца Аллагьасул сипат цIехоге,
ЦIехе Къуръаналъул хиралъи, гьитIич.
Гьабе дуца щукру ТIадегIанасе
Нилъеда ракьалда батанщиналъухъ.
Бакъул хIеренаб чIор, рогьалил хъахIлъи,
Лъарал тIагIамаб лъим, бацIцIадаб гьава –
Сардил сихIкъотIиги цIадул къуватги –
РахIманас, нилъ рокьун, бижараб буго.
ТIолабго дуниял хIурматгун, реццгун
Суждаялда чIола: Аллагь, гурхIаян.
Аллагьасул сипат къалмид бахъуге, –
Гьев кидаго рекIелъ букIине ккола.

РОКЪОБЕ ХIАЛТIИ

ЖАДДУН НАСИХIИЦА ЛЪИМАЛАЗЕ КЬОЛЕЛ СУАЛАЛ-ЖАВАБАЛ

– Аллагь ﷻ лъида релълъарав вугев?

– Аллагь ﷻ лъидаго ва сундаго релълъарав гьечIо.

– Щай нилъеда лъалареб Аллагь ﷻ лъида релълъарав вугевали?

– Инсанасда кинабго лъазе хIалкIоларо. Нилъеда лъала Аллагьас ﷻ хас гьабун щивасе бихьизабураб гIакълу-лъаялъ борцунеб, нилъеда бихьизе ва бичIчIизе Гьесие бокьараб гIелмуялъул къадар.

ГIОЛОХЪАНЛЪИ

Суракъат бину Малик

(Цебесеб 6 (228) -аб. номералда)

Суракъатица ислам боси

Рокъове тIад вуссун хадубги, Суракъатица Аварагасулгун ﷺ жиндир букIараб данделъи лъиданиги бицунеб букIинчIо, Авараг ﷺ Мадинаялде щун вукIин якъинлъизегIан. Гьелдаса хадуб гьес киназдаго бицана лъугьа-тараб. Абужагьалида гьеб хабар лъараб мехалъ, гьев лъугьана Суракъатида гIайибал чIвазе, гьев Аварагасдаса ﷺ хIинкъун вугилан ва кодове щварав ТIагьа виччан тун вугилан. Абужагьалие жаваб гьабун, Суракъатица абуна: « Ле АбухIакам, дуда бихьарабани, ракьулъ бохдулги къан, дир чуялъе лъугьараб жо, дур щибниги щаклъи хутIилароан МухIаммад, расул вукIиналъулъ. Лъида хIалкIолеб Аварагасда ﷺ данде къеркьезе?» - ян.

Гьелдаса сонал ун хадуб, Маккаялдаса, чара къосараб хIалалдеги ккун, нахъе ине ккарав Авараг ﷺ, аза-азар яргъид хьарал рагъухъабаз сверунги ккун, тIад вуссана Макка бахъизе. Гьес гьижра гьабилелде чIухIун, гIорцIун хьвадулел рукIарал къурайшиязул бутIрул, гьеб къоялъ, хIинкъиялъ соролаго, ТIагьаясда тIаса лъугьаян гьаризе лъугьана. Гьез абулеб букIана: «Гьанже щиб дуца нижеда гьабизе бугеб?» - илан. Кидаго жиндие хасиятаб хIеренлъигун ва гурхIелгун, Расулас абуна: «Нуж а, нуж тIубанго эркеналлъун руго», - ян.

Суракъатги гIедегIана гьеб къоялъ Аварагасухъе ﷺ, анцIго соналъ цебе ХIабибас жиндие хъван букIараб кагъатги цадахъ босун. Ибну Маликица бицунаан: «ЖигIранаталде ХIабибасухъе дун вачIараб мехалъ, дун ансаразул рагъухъабазул къокъаялде гьоркьове ккана. Гьел лъугьана хвалчабазул бал гьечIеб рахъалъ, «ТIагIа гьаниса!», «Щиб дуе къваригIараб?», - илан гьаркьалги гьарулаго, дун кьабизе. Гьезда гьоркьоса, хIалица нухги бахъулаго, цеве ине лъугьана дун. ТIагьаясде гIагарлъарабго, кагъат кодоб бугеб кверги эхеде битIун, дица ахIана: «Ле, Аллагьасул Расул! Дун Маликил вас – Суракъат вуго ва дихъе дуца кьураб грамотаги буго», - ян. Расулас абуна: «АскIове вачIа, ле Суракъат. Диде гIагарде вачIа. Жакъа – гьабураб къотIи тIубазабулеб ва лъикIлъи гьабулеб къо буго», - ян. Аварагасда ﷺ цевеги ун, дица рагIизабуна дун исламалде вачIаравлъи, гьелдаса хадуб Хирияс ﷺ, сахаватго сайгъаталги кьун, хьезавуна дун», - абун.

Гьелдаса нахъе цо чанго моцI иналде, хирияв Авараг ﷺ накълулъана. Суракъат кутакалда пашманлъана. Гьесда цебе бачIана нусго вараниялъухъ Расул чIвазе унев вукIараб къо, гьанжеян абуни, Суракъатица дунялалъулго варанаби росилароан Хириясул ﷺ малъалъухъцин хисун. Суракъатица такрар гьарулел рукIана Аварагасул ﷺ: «Киндай мун берцин вукIина, я Суракъат, Къайсарил курхьаби тIад ретIидал», - илан абурал рагIаби. Гьесул рекIелъ дагьабниги щаклъи букIинчIо гьел курхьаби жинца ретIине рукIиналъулъ.

ГIумар-асхIабасул заманаялъ бусурбабазул аскарал, гьури гIадин, къокъана персазул ханлъиялде. Гьез гьужумалда рахъулел рукIана хъулби, гъурулел рукIана тIубарал аскарал, бакIарулеб букIана давла, гьедин рагъулаго, ахиралде Хосроязул ханлъи щущахъ биххизабуна…

СагIд бину Абувакъасица Мадинаялде чапарал ритIана, ГIумар-асхIабасда бергьенлъиялъул рохалил хабар лъазабизе. Гьез цадахъ бусурбабазул хазнаялде босун бачIана рагъда бахъараб давлаялъул щуабилеб бутIа. ГIумар-асхIабас, гIажаиблъи гьабун, хал гьабулеб букIана босун бачIараб давлаялъул. Гьенир рукIана Хосройил маргъалаз къачIараб таж, меседица къачIараб гьесул ретIел, хириял ганчIаз къачIарал курхьаби ва гIемераб багьа хирияб къайи…

Жиндирго гIансаялъ гьеб бечелъиги багъаризабулаго, ГIумар сверухъ валагьана ва абуна: «Рагъухъабаз гьаб бечелъи ритIухъал гIадамазе бачIараб буго…», - ян. АскIов вукIарав ГIали-асхIабас абуна: «Мун берцинаб гIамалалъул чи вукIиналъ, я муъминзабазул амир, дур тIалаб-агъазалда гъоркь ругел чагIиги руго гIамал лъикIаллъун. Мун вукIаравани гьанта рекъезабун, лазаталда гIумру гьабулевлъун, гьелги кеп босулел, гогьдарулел чагIи рукIинаан…» - абун.

Жиндихъего Суракъатги ахIун, Фарукъица гьесда ретIизаруна хосроясул гурде, тIажу, туфлаби, гьединго рачелгун хвалченги, кафтанги кьуна. Гьесул бетIералда ханасул тажги лъуна, гьесул курхьабиги тIад

ретIана. Гьебмехалъ киналго аскIор ругез, «Аллагьу Акбар!» илан ахIун, Аллагь ﷻ кIодо гьавуна. «ЦIакъ лъикI буго, - ян абуна ГIумар-асхIабас, Суракъатил халги гьабулаго. – Банумадлаж тухумалъул гьитIинав гIарабас тIад ретIана хосроясул тажги гьесул курхьабиги».

БетIерги тIаде борхун, ГIумарица ахIана: «Я Аллагь ﷻ, Дуца гьаб бергьенлъи, Дуе дидаса цIикIкIун вокьулев, хIурматги гьабулев, хирияв Аварагасеги ﷺ кьечIо, дидаса цIикIкIун вокьулев Абубакр-асхIабасеги кьечIо, Дуца дие кьуна гьаб кинабго. Дица Дуда гьарула, Аллагь ﷻ, гьаб нигIмат дие гIакъуба-гIазаблъун лъугьине биччаге» – йилан абун.

Кинабниги босун бачIараб давла бусурбабазе бикьун бахъинчIого, ГIумар-асхIаб нахъе инчIо гьениса.

ТIадегIанав Аллагьас гьел асхIабзабазул гьалмагъзабилъун гьареги нилъ алжаналда. Амин.

■

Газеталда руго чороклъизаризе шаргIалъ хIарам гьарурал аяталги хIадисалги

ГУРХIЕЛ-ХIАЛИМЛЪИЯЛДАСА МАХIРУМАВ ЧИ – ЛЪИКIЛЪИЯЛДАСА МАХIРУМЛЪАРАВ ЧИ ВУГО (МУСЛИМ, АБУДАВУД)

ХIАДИС

НУЖЕР КАГЪТАЛ

«Уммат», - илан хварав Хирияв ХIабиб, Гьанив гIадин, дова хIалай ватизе…

I

Бисмиллагьи абун, ссалатги битIун,
Бокьун буго, Расул, дуй салам кьезе,
«Уммат», - илан хварав хирияв ХIабиб,
Гьанив гIадин, дова хIалай ватизе!

Бусурман халкъалъул хирияб тарих,
НакIкIукьан бакъ гIадин,
баккулеб буго,
Адамгун рещтIараб ХIабибасул нур
Дагьабги гвангъизе гьабулеб буго!

МоцIазул хирияб – рабигIул аввал,
Къоязул хирияб – итниялъул къо, –
АнцIила кIийилалъ гьавурав Расул,
Гьесул нуралъ цIураб тIолабго гIалам!

Макка шагьаралда гьавурав Расул
Мадиналде ана, гьижраги гьабун,
Къоло лъабго соналъ,
ислам тIибитIун,
ТIолабго гьаб гIалам хвасар гьабизе!

Гьеб кIудияб тарих, кIочон течIого,
РачIа щибаб къоялъ кIодо гьабизе,
Квешабщиналдаса тавбуги гьабун,
ЛъикIал гIамалазде ният гьабизин;

ШайтIабигун иблис къезе гьабулеб
Къувват кьеги абун, цадахъ гьаризин,
Хъубал гIадамазул хъубал пишаби
Щущазе гьарулеб аят цIализин!

Къуръанул аятал хиралъун ккаги,
Хириял хIадисал гьуинлъун ккаги,
Гьудуллъуда таги бусурбан халкъал,
Мисаллъун лъугьаги гьезул пишаби!

Шамил имамасул соназда гIадин,
Дагъистан чIухIарал бахIарзал гIеги –
Муъминал вацазул иман цIунизе,
Дол гIадин, кидаго хIадур рукIине!

Бусурбан халкъазе рекъел гьаризин, –
Гьезие вацлъигун цолъи букIине.
Мавлид ахIун хадуб муъминаз гIадин,
ДугIа лъикIаб гьабун,
шараб гьекъезин!

ГурхIел-рахIмуялъул кавуги рагьун,
Киназго цоцае кумек гьабизин.
Загьру тIинкIичIого, дару тIинкIизе,
Наял гIадин, хIалтIун, гIумру гьабизин!

Я Аллагь, гьабеги дир гьари къабул,
Къуват кьеги Дуца – ХIабиб рехсезе.
Расул разилъулеб мавлидги ахIун,
АхIизин гьоболлъухъ, чIагояв гIадин!

Умматалъе гIоло гIумру бичарав –
Бичасул авараг, хирияв АхIмад,
Хабалъ вугев дуда уммат бихьизе
Халикъас дуй кьуна тIокIаб мугIжизат.

Гьесул нур бихьизе, гьаракь рагIизе
Бокьаралщиназда щва гьев ракIалде,
Мавлид гIемер ахIун, ссалават битIун,
ТIагьа рази гьаве, гьес нилъ кинигин!

ДАВУД

Алжан буго эбелалъул хIатIакь (ХIадис)

МУЪМИНАТ

ХIижаб ретIунгутIиялъул ругел заралал

Аллагьасе ﷻ рецц буго, къаркъалаялъул гIаврат бахчулеблъун ретIел гьабурав, гIамалазул квешал рахчулеб ретIеллъун тIарикъаталъул адабал гьарурав, дунялалъул шагьватаздаса ракI бахчулеб ретIеллъун Аллагьасукьа ﷻ хIинкъи гьабурав.

Нужеца пикру гьабунищ – жиндирго къаркъалаги бахчун, килисаялда монахиня чIун йигони, гьей кIодо гьаюла «жийго БетIергьанасе къурбанлъиялъухъ», амма, лъиениги зарал гьабиялдасаги лъил букIаниги заралалдасаги цIунулеб хIижабги ретIун хьвадулей гIадан йихьани, гьелде хIангутIиялъул бералдалъун балагьула, бичIукъай ва къварилъуда чIарай гIаданалде гIадин; ялъуни, цо-цо пачалихъазда гIаврат бахчун хьвадулей гIаданалъе цIализеги хIалтIизеги квал-квал гьабиялъул, ретIел дагь ретIаразе яги ретIичIого таразегицин щибниги квалквал букIунгутIиялъул? КIочон батиларо жеги, гьединаб хIал чанго соналъ цебе, цIикIкIунисеб халкъ бусурбабилъун кколеб Турциялда букIараблъиги.

ХIижаб ретIунгутIиялъулъ буго чанго батIияб зарал, рехсезин гьездасан нилъедаго лъалел:

1. ЦIодорлъи дагьлъи

Купальникал ретIиялъ руччабазул цIодорлъи дагьлъизабула.

Британиялъул Психологиялъул университеталъул газеталъ хъвалеб буго: «Купальниказ руччабазул цIодорлъи дагьлъизабула ва чIужугIаданалъ жиндир черх цIикIкIун цебе лъурабгIан, гьелъул цIодорлъи дагьлъула», - ян. Гьенибго хъвалеб буго: «Жиндир къаркъалаялъул цIикIкIунисеб загьир гьабидал, чIужугIадан лъугьуна гIакълуялъул цIикIкIунисел тIалабал кIудияб захIмалъиялдалъун гурони тIуразаризе кIоларейлъун», - абун.

Сасконалъул университеталъул психологиялъул специалист Боб Брейсица тIаде жубалеб буго: «Купальник ретIулей чIужугIаданалъ берцинго пикру гьабизе кIунгутIи – баянаб жо буго. Дуца гьитIинаб бикини тIад ретIидал, дур гIакълуялъул кIудияб бутIа кидаго дуда сверухъ ругел, духъ балагьаразул хъаравуллъи ккун букIуна», - ян. Гьесго хадубги абулеб буго: «ГIадамазул пикрабазул хал гьабиялде чIужугIаданалъ жиндирго пикру буссинабураб мехалъ, гьелда бажаруларо кIвар кьун цогидаб жоялде пикру буссинабизе. Гьеб пиша жибго тедал, чIужугIаданалъе халлъула гьелъул квешаб асар гIемераб мехалъ нахъе хутIун букIин», - ан лъугIизабулеб буго гьес жиндирго кIалъай.

2.ЖамгIияталъе бугеб зарал

ЖамгIияталда жаниб цониги рахъ батиларо, чIужугIаданалъ хIижаб ретIунгутIиялъ зарал гьабулареб. Психологиялъ бицуна инсанасул кIвар кьей кIиго батIияб букIунин: жиндиего бокьун (произвольнияб) инсанас жинцаго цо жоялде пикру буссинаби; кIиабилеб буго непроизвольнияб – инсанас ургъунго, буссинабичIого, пикру жибго буссунеб. Мисалалъе, гIадатияб гуреб, гвангъараб, цIакъго рекIее гIолеб яги рихунеб жоялде, ургъунго буссинабичIонигицин, буссун батула пикру. Лъалеб жо буго, бихьиназда руччабиги руччабазда бихьиналги берцин рихьулеблъиги, гьел цоцазе рекIее гIолеллъиги. Гьедин рекIее гIолев чиясул гьайбатаб къаркъала цебе лъураб мехалъ, цIикIкIунисеб пикру гьелде буссинчIого хутIуларо. Гьелде пикру буссиналъ квал-квал гьабула букIине кколеб къагIидаялъ цIализеги хIалтIизеги. Абизе бегьула, цебе лъураб къаркъалаялде пикру буссинабичIого рукIине ругьунлъизе бегьулин, гьелде ругьунлъани, батIияб зарал букIуна, гьелъул нилъеца дагьаб хадуб бицина. Нилъеца тIадехун бицухъе, хIалтIиялъеги цIалиялъеги кIвар кьезе квал-квал гьаби – гьеб буго жамгIияталъе бугеб **цо зарал.**

КIиабизе абуни, чIужугIаданалъ черх бахчунгутIиялъ гIадамал рачуна, ригьнал гIуцIиялъулъ, кIвар цIикIкIараб рахъ нахъе гьабун, кIвар дагьаб цебе гьабиялде, рухIияб рахъ нахъе рехиялде.

Цо чанго соналъ цебе, микьабилеб марталда цересел къояз, руччаби рохизаризе гIадин, Москваялъул къватIазда бихьиназда гьикъулеб букIана нужее чIужугIаданалъулъ бищунго щиб жо рекIее гIолебилан. ЦIикIкIунисез жаваб кьуна: хIатIал, рас абун. Цо-цояз бералин абуна. Гьезул жавабазулъ гIажаиблъизавулеб жо букIана – лъицаниги абунгутIи, «рекIел бацIцIалъи рекIее гIола», - яги «тIабигIат берцинлъи, гIакъиллъи бокьула», - ян.

Базаралдаса бичун босулеб чуялъулъ хIатIал тIеренлъиги рас керчлъиги хал гьабулеб гIадин, бихьинчиясги, махIабазулги расалъулги хал гьабун, чIужу тIаса йищулин абураб жо рагIидал, гьелъ рекIее лъикIаб асар гьабулей цониги сахай гIадан йикIуней ятиларо. Яги, кинав бихьинчияс абилеб, жиндир чIужуялъул хIетIе-бетIер берцинлъиялъ, жидеда гьоркьоб цоцазда ричIчIиги, цоцазе кумек, хинлъи-рокьиги, недегьал лъималги, талихI бугеб херлъиги кьунин абун?!

Щаклъи гьечIо берцинлъи – Аллагьас ﷻ кьураб нигIмат букIиналда, амма хъизаналъул талихI гIуцIараб буго рухIияб бечелъиялда. КигIан берцинаб къаркъала цебе лъуниги, гьелъ рухIияб берцинлъи хисуларо.

Къокъго абуни, тIоцебесеб кIвар хIетIе-бетIер берцинлъиялде кьеялъ гIолохъанаб гIел бачуна рухIияб рахъ жого гуреб жолъун бихьиялде, гьелъул хIасилалда, хъизан гIуцIун хадуса, хIетIе-бетIер гуребги, берцинаб тIабигIатги батизе бокьун, рос-лъадиялда гьоркьоб букIуна лъугIи гьечIеб дагIба, ккола гIемерал ракIхвеял, ригьин биххи.

Лъабабизе абуни, бихьинчиясда даимго цебе лъураб къаркъала бихьараб мехалъ, гьес кидаго къезабулеб букIуна тIабигIияб хаслъи – шагьват багъари. Цо заманаялдаса цебе лъураб къаркъалаялъ гьесие абизегIанго асар гьабуларо. Гьелъ гьев вачуна бихьинчиясулаб бажарукълъиялде – импотенциялде.

Сексологаз абулеб буго: демократияги бачIун, бокьухъе хьвадизе руччабазе ихтияр щун хадуса халлъанила бихьинчи жиндирго иш тIубазе кIоларевлъун лъугьин. Импотенцияги цо бихьиназе бугеб зарал гуро, гьеб буго хъизаналъего бугеб зарал.

ТIадеги, берцинай чIужугIадан йихьидал, жиндирго шагьват квегъизе бигьалъизелъун, гьелдаса ракIбуссинелъун, бихьинчияс ракIалде ккезабула гьей гIадан чилъи гьечIей, къабихIай гIадан йигин. Гьелъги хвезабула гьесул рухIияб рахъ. Жакъа къоялъул гIалимзабаз бихьизабулеб буго пикру – материалияб жо букIин ва гьелъул асар букIин. Чияр пикруялъул асаралдаса ворчIизе ккани, гьез бихьизабулеб буго тIабигIияб жоялдалъун – тIом-къехьалдаса гьабураб тIагъуралъ бугониги, квасул, хлопокалъул гIадинал ххамаздалъун бугониги, бетIер бахчизе лъикIаб бугилан. ХIисаб гьабидал, тIей гьечIеб заралияб гор лъугьунеб буго: кIаз гьечIого яс йихьидал, бихьинчияс ракIалде ккезабулеб буго квешаб пикру, гьеб пикруялъул квешаб асар жийго ясалъеги щолеб буго тIад кIаз букIунгутIиялъ. Кидаго щолеб квешаб асаралъ гьей лъикIаб рахъалде хисулареблъи балъгояб жо гуро. Гьеб буго чIужугIаданалъ хIижаб ретIунгутIиялъул **ункъабилеб зарал.**

Щуабилеб зарал буго чIужугIаданалъул цIуниялъе. Жакъасеб «виктимология» гIелмуялъ бихьизабулеб буго, анцIго жинда хIал гьабурай ясалъул микьгоялда хIал гьабизе сабаблъун кколеб бугин жийго чIужугIаданалъул къаркъала цебе лъей яги хьвада-чIвади. Гьел гурелги, гIемерал заралал руго чIужугIадан шаргIалъ бихьизабухъе хьвадунгутIиялъулъ.

ТIадегIанав Аллагь вукIиналда божулей, Къиямасеб къо букIунеблъиги якъинлъарай муъминчIужуялъе, гIавратги баккун, хьвадизе Аллагьас ﷻ хIарам гьабун букIин – яхчун хьвадизе гьей тIамулеб бищун кIудияб гIиллалъунги, сабаблъунги, къанунлъунги букIине ккола. Щиб гIиллаялъе гIоло БетIергьанас тIадкъай гьабураб, ялъуни цо иш хIарам гьабурабилан суалал кьечIого, муъминчияс тIоцебе къабул гьабизе ккола шаргIияб хIукму. Хадуб, тIадеги якъин цIикIкIине, цIехезе бегьила щибаб хIукмуялъулъ рахчун ругел пайдабиги, заралалги, хIикматалги.

АхIмад-хIажи ГIАБДУРАШИДОВ

Газеталда руго чороклъизаризе шаргIалъ хIарам гьарурал аяталги хIадисалги

ХIАДИС

ГЬУМЕРБИТIУН ДУЦА ГIАДАМАЗЕ САЛАМ КЬЕЙГИ САДАКЪА ККОЛА (ИБНУ АБИДДУНЯ)

АВАРАГАСУЛ ﷺ ХIУРМАТАЛДА

Аварагасул ﷺ наслу-насаб

Байбихьи – 2 аб. гьум.

Хирияв Аварагасул ﷺ инсухъан тартибалъул хIакъалъулъ дагьаб гIатIидго:

1. ГIабдуллагь къурайшиязда гьоркьов бищун берцинав чиги, бищун инсуе вокьулев васги вукIана.

2. ГIабдулмутIалиб вукIана, цо жо ккани, къурайшиял жиндихъе кIанцIулев, гьезда гьоркьов хирияв, къимат-къадру бугев, мискин-пакъирзаби кваназарулев, хIатта, магIарде унгицин хIанчIазе кваназе жо балев, гIаракъи гьукъулев, зулму гьукъулев, къурайшиязда гъорлъ гIакълу-лъай цIикIкIарав къадруяв чи.

3. Гьашим вукIана къварилъи-гIатIилъи ккараб заманалда кидаго ракъарал гIадамал мискин-пакъирзаби кваназарулев. Гьесул гьурмада МухIаммад аварагасул ﷺ нур букIана, жиндие къурайшиял мутIигIалги вукIана, гьесул берцинлъиялде балагьун гIадамаз гьесда Маккаялъул моцIилан абулаан.

4. ГIабдулманаф вукIана цIакъго берцинав чи, гьесде БатIхIаалъул моцIилан абулаан гIарабаз.

5. Къусаййу вукIана къурайшиязул тухум-кьибил цолъизабулев, гIадамазе гIаракъи гьукъулев, гьезие лъикIалдалъун вагIза гьабулев, камилав чи.

6. Килаб – бахIарчияв, гьабиги рачун, кидаго чанаве унев чи вукIана.

7. Муррат – тушбабаздаса бергьунев, къимат-къадру бугев чи вукIана.

8. КагIбу – жиндирго къавмалъе вагIзанасихIат гьабулев, нахъа загьирлъизе вугев Аварагасул ﷺ бицен гIемер гьабулев чи вукIана.

9. Луаййу – гIодове виччан, ургъун жо гьабулев чи вукIана.

10. Фигьру – ворхатав, къвакIарав, гIадамазул хIажат цIехон, гьеб тIубалев чи вукIана.

11. Малик – гIарабиязул хан гIадав чи вукIана.

12. Назар – гьумер гвангъарав, гьайбатав чи вукIана.

13. Кинанат – гIумру эхеде бахарав, къадру кIудияв, жиндихъе гIарабиял хьвадулев чи вукIана.

14. Хузаймат – халкъалда гьоркьоб рекъел-маслихIат гьабулев, къадру кIудияв чи вукIана.

15. Мудрикат – кинабниги тIадегIанлъи, чIухIи щварав чи вукIана. Жив тIаса вищарасул – Аварагасул ﷺ нурги гьесулъ загьирлъун букIана.

16. Ильяс – бергьараб берцинлъи бугев, гIарабиязда гьоркьов цIакъ къадру кIудияв, жинда дандбан гурони, гьез хIукму къотIуларев чи вукIана.

17. Музар – жиндир берцинлъиялъ ракIал тIаде цIалев, гьаракь берцинав, гIакъилаб каламалъул чи вукIана.

18. Низар – тIоцебе гIарабиязда жаниб хъвай-хъвагIай гьабурав, гьавураб къоялъги МухIаммад аварагасул ﷺ нур жиндир гьурмалъ бихьулев чи вукIана.

19. МагIад – Бану-Исраилазулгун гIемерал гъазаватал гьаруна гьес. Кидаго, бергьенлъигун гурони, тIадги вуссунароан.

20. ГIаднан – гIадамазул, жиназул зарал ккеялдасаги бер ккеялдасаги цIунарав чи вукIана.

Аварагасул ﷺ лъимал

МухIаммад аварагасул ﷺ анкьго лъимер букIана – лъабго васги ункъо ясги. Васал: Къасим, ГIабдуллагь, Ибрагьим; ясал: Зайнаб, Рукъият, ФатIимат, Уммукулсум (Аллагь ﷻ киназдаго разилъаги). Гьал анкьазулго, Ибрагьим хутIун хутIарал эбел – Аллагь ﷻ разилъаяй, Хадижат йикIана. Ибрагьим абуни, Аллагь ﷻ разилъаяй, Мариятица гьавуна.

ТIоцеве гьавуна Аллагь ﷻ разилъаяв Къасим. Гьев, кIиго сон тIубан хадуса, хвана, гьелдаса дагьаб яги цIикIкIун гIумру гьабунилан абулелги руго.

Хадуб Аллагь ﷻ разилъаяй Зайнаб гьаюна гьесие. Гьейги жиндирго эбелалъухъан вацгIал Гасие кьуна. Гьезие, ГIали абун, васги гьавуна. Гьевги, балугълъилелде, хвана. Гьединго гьезие, Умамат абун, ясги гьаюна. Ислам босилелде гьелъул рос ГIас Бадруялда асир гьавуна. Гьев асирлъияльдаса эркен гьавизе, Аллагь ﷻ разилъаяй Зайнабица, жийго бахIарай гьаюрай сордоялъ эбелалъ кьун букIараб, меседил рахас битIана. Хирияв аварагасул ﷺ гьелда цIакъ ракI гурхIана, гьес, бусурбабаздаги абун, ГIас асирлъудаса хвасар гьавуна ва, Маккаялде щваравго, гьей Мадинаялде йитIизе гьесдаса къотIиги босана. Гьелдаса хадуб жиндиего бокьун исламги къабул гьабун, гьижра гьабун, ГIасги Мадинаялде вачIана. Аллагьасул Расулас ﷺ гьесухъе Зайнабги тIадюссинаюна. Гьижра гьабун микьабилеб соналъ, Аллагь ﷻ разилъаяй Зайнабги хвана. Гьейги хун нахъе хутIарай гьелъул яс Гьалат хирияв Аварагас ﷺ кутакалда еэдулаан. Гьей Гьалатги Аллагь разилъаяв ГIалиасхIабас ячана, Аллагь разилъаяй ФатIимат хун хадуса.

Лъабабизе гьесие Рукъият гьаюна. Гьей тIоцее Абулагьабил ГIутбатихъ йикIана. Хириясе ﷺ квешезего гьес жиндирго васасда гьелъул цIар тIамизабуна. Аллагьас ﷻ жиндирго гьой гьесде тIамегиян Аллагьасул ﷺ Расулас гьесие дугIа гьабуна. Цо сапаралда рукIаго гьалмагъзабазда бакьулъ вегун вукIарав ГIутбат, гъалбацIалъ, тIадеги кIанцIун, тIутIун рехана. Гьединго, гIагарлъиялъ ГIасидаса Зайнабил цIар тIамеянги тIалаб гьабулеб букIана. Гьес жаваб кьуна: Зайнабги ятIа гьаюн, жиндие къурайшиязул бищун хирияй гIаданцин гьелъул бакIалда хIажат гьечIилан. Абулагьабил васас цIар тIамун хадуса Рукъият Аллагь ﷻ разилъаяв ГIусман асхIабас ячана. Гьелъ ГIусмание васги гьавуна, гьитIинго гьевги хвана. Бадруялъул къоялъ, унтизеги унтун, гьейги хвана. Гьелъул тIалаб гьабулев вукIун, ГIусман асхIабасе Бадруялъул гъазаватлдаги гIахьаллъизе щвечIо. ГIусман асхIабгун Аллагь разилъаяй Рукъиятица кIицIул гьижраги гьабуна – цо ХIабашаталде, цо Мадинаялде.

Ункъабизе Аварагасе ﷺ Аллагь ﷻ разилъаяй ФатIимат гьаюна. Аварагасе ﷺ гьей цIакъ йокьулаан ва гьес гьей кIодоги гьаюлаан. Хирияс ﷺ гьей кьуна Аллагь ﷻ разилъаяв ГIали-асхIабасе. Жинца мун бищун гIадамазул жиндие вокьулев чиясе кьуниланги абуна гьелда Хирияс. Гьелъ гьесие щуго лъимер гьабуна: ХIасан, ХIусен, МухIсин, (гьев гьитIинго хвана), Уммукулсум, Зайнаб (Аллагь ﷻ киназдасаго разилъаги). Рукъият абунги гьаюнилан ва гьей гьитIинго хванилан абулел гIалимзабиги руго. Аллагь ﷻ разилъаяй саййидат ФатIимат ккола дуняалдаги ахираталдаги муъминзабазул саййидат (кIудияй). Гьедин гьелъие нугIлъи гьабуна Аллагьасул ﷺ Расулас ﷺ. Гьей ФатIимат йикIана гIибадаталъе цIакъ бахъулей, дуняалъул захIмалъи-къварилъи кутакалда хIехьолей, хирияв Аварагасул ﷺ кIодолъи лъикI лъалей, камилай гIадан. Аллагь ﷻ разилъаяй ГIаишатица абуна: ФатIиматидаса калам битIарай гIадан жинда йихьичIилан. ГIадамазул бищунго хирияв Аварагасул ﷺ гIамал-тIабигIаталда жиндир тIабигIат релълъарайги йикIана гьей. Аллагь ﷻ разилъаяй ГIаишатица абуна: «Дида Аллагь ﷻ разилъаяй ФатIиматгIан хирияв чи вихьичIо, цого-цо гьелъул эмен – хирияв Авараг ﷺ гурого», - йилан.

Хирияв Аварагас ﷺ абулаан: «ФатIимат – дир чорхол цо кесек йиго, гьелъул ццим бахъинабурав чи – дир ццим бахъинабурав чи ккола», - ян (Бухари). Хирияв Аварагасе ﷺ капурзабаз гьабулеб къварилъи гIемер бихьулеб букIана гьелда. Гьелъги капурзабазул рахъалъан къварилъи гIемераб хIехьана. КагIбаялда аскIоб суждаялда вукIарав Аллагьасул ﷻ Расуласул ﷺ габуралде къосарав ГIукъбатица хъураб вараниялъул ургьиб букIунеб чороклъи тIаде рехана. Цинги, гьесдеги хьанделаго, ФатIиматица инсул габуралдаса гьеб чороклъи чурана.

УхIудалъул гъазаваталда щварал ругъназдаса Аварагасул ﷺ би чвахулеб чIолеб букIинчIо. ГIали-асхIабас лъимги тIун, ФатIиматица гьеб чурулеб букIана. Кинго би чIечIеб мехалъ, гьелъ, цо туртил кесек бухIизеги бухIун, гьелъул рахъу рекIинабуна Хириясул ругъуналда тIад. Гьеб мехалъ чвахулеб би чIана.

Аллагьасул ﷻ Расулас ﷺ ФатIиматида цо жо бицана – гьей гIодана. Хадубго цоги жоги бицана – гьей йохана. ГIаишатица абуна: «ГIажаибаб жо – цо бакIалда гIодиги релъиги», - йилан. Хирияв Авараг ﷺ чIаго вукIаго ФатIиматица гьеб лъиданиги бицинчIо. Гьев хун хадуса, ГIаишатицаги гьарун, бицана. «ТIоцебе Аварагас ﷺ дида живго хвезехъин вукIин бицана ва дун гIодана, хадубги жинда хадуй жиндир агьлуялъул тIоцее дун хвезе йигиланги абуна. Алжаналъул руччабазул кIудияй дун йикIине йигиланги бицана. Дун гьеб мехалъ йохана», - ян бицана ФатIиматица. Хирияв Авараг ﷺ хун хадуб анлъго моцIалдасан гьейги хвана. Холеб къоялъ гьелъул гIумруялъул 28 сон букIана. Хириясул ﷺ наслуги, гьелдаса гурого, нахъе хутIичIо.

Алжаналъул гIолохъабазул саййидзаби ХIасан-ХIусенидасан нахъе хутIана, дуняго чIухIарал гIелму, гIакълу, гIибадат, тIагIат, рацIцIалъи, халкъ Аллагьасде ﷻ ахIи, шаригIат, тIарикъат, суннат чIаго гьаби гIадал, киналго лъикIлъабазул рахъалъ дунялалдаго машгьурал гьайбатал гIадамал. Жакъаги гьезул наслу дунялалдаги буго, гьезул цIар хъвалеб мехалъ цебе «саййид» абун хъван букIуна, гьелъ ратIа рахъула гьел хирияв Аварагасул ﷺ наслуялъул гIадамал рукIин. Аллагь ﷻ гьел киназдасаго разилъаги, гьезул шафагIат нилъееги щваги. Амин.

ФатIиматида хадуб Хадижатица Аварагасе ﷺ Уммукулсум гьаюна. Гьейги цееккун Абулагьабил васасухъ йикIана. Гьев куфруялдаго чIеялъ, гьесдасаги ятIалъун, хирияв Аварагасул ﷺ рокъой йикIана. ГIусман асхIабасул чIужу Рукъият хун хадуса, хирияв Аварагас ﷺ гьесие кIиабилейги жиндирго яс Уммукулсум кьуна. Гьелдалъун нилъер саййид ГIусман асхIабасул «зуннурайни», ай, кIиго нуралъул бетIергьан абураб цIарги машгьурлъана. Уммукулсумица гьесда аскIоб анлъго сон бана ва, гьижраялъул ичIабилеб соналъ, гьейги хвана. Аллагьасул ﷻ Расулас ﷺ абуна: «Дир цойги яс йикIарайани, гьейги дица ГIусмание чIужулъун кьелаан», - илан.

Хадуб Хадижатица ТIагьаясе ГIабдуллагь гьавуна. Гьесда "ТIайиб, ТIагьир" – вацIцIадавиланги абула. Гьев Хириясе ﷺ аваралъи кьун хадуса гьавуна ва гьитIинго хвана.

ГIабдуллагьидаса хадуб Мариятица Расуласе ﷺ гьижраялъул микьабилеб соналъ Ибрагьим гьавуна. Гьавун анкьго къо тIубараб мехалъ Аварагас ﷺ гьесдаса гIакъикъги хъуна, гьесул расги кIкIвана, гьеб расалъул цIайиялда бащадаб гIарац мискинзабазеги бикьана. Гьесул расги ракьулъ букъана, гьесда Ибрагьим абун цIарги тана. 17-18 моцI бан хадуса гьев хвана. Хирияв Аварагас ﷺ абуна: алжаналда гьев хахизавулей гIадан йикIине йигилан. Гьев хвараб мехалъ Аварагасул ﷺ бадиса магIу чваххана. Мун щай гIодулеван цояс гьикъидал, Аварагас ﷺ абуна: «Гьаб гурхIалил гIоди ккола. Бераздаса магIуги чваххулеб буго, ракIги пашманго буго, амма БетIергьан разияб гуреб жо нижецаги абуларо. Я Ибрагьим, мун ватIалъун ниж пашманго руго», - ян. Ибрагьим БакъигIалъул хабалалъ вукъана. Гьев хвараб къоялъ бакъ ккуна. ГIадамал гагдана Ибрагьим хвеялъ ккураб бакъ бугилан. Гьеб рагIидал Аллагьасул ﷻ Расулас ﷺ абуна: «Бакъги моцIги Аллагьасул ﷻ гIаламатаздасан цо гIаламат ккола. Цо чи хванилан яги гьавунилан кколеб жо букIунаро бакъмоцI. Гьеб ккун бихьараб мехалъ, дугIаялдеги как баялдеги рорта», - ян.

Аварагасул ﷺ инсул вацал

Хирияв МухIаммад аварагасул ﷺ инсул анцIго вац вукIана: ХIарис, Зубайр, АбутIалиб, ХIамзат, Абулагьаб, Гьайдакъ, Зульмикъвам, Зирар, ГIаббас, Къусам. Гьезул кIигоял – ХIамзатги ГIаббасги – бусурманлъана. ХIамзат ккола «Аллагьасул ﷻ гъалбацI»-илан жинда тIокIцIар тарав, бахIарчилъиялъулги сахавалъиялъулги рахъалъ жиндир цIар рагIарав, ислам босизегIанги къурайшиязда гьоркьоб къадру букIарав чи. Аварагасдаса ﷺ гьев кIиго соналъ кIудияв вукIана. Гьес цебеккунго исламги босана, Мадинаялде гьижраги гьабуна. Бадруялъул гъазаваталда кIудияб бахIарчилъиги бихьизабун, УхIудалъул рагъда шагьидлъана. Аварагас ﷺ гьесул хIакъалъулъ гьев шугьадаазул сайид вугилан абуна. УхIудалъул къоялъ 30-гIан капурчиги чIвана гьес. Гьев чIвараблъи лъараб мехалъ, Авараг ﷺ кутакалда пашманлъана ва гьес абуна: «Аллагь ﷻ гурхIаги дуда, я ХIамзат, мун вукIана кутакалда гIагарлъи щула гьабулев, лъикIлъаби цIакъ гIемер гьарулев, мун чIваялда бащадаб балагьги пашманлъиги жакъаялдаса хадуб диде бачIунарилан».

Аллагь ﷻ разилъаяв ГIаббасги ислам бачIинегIанги ва гьеб бачIун хадусаги къурайшиязда гьоркьов къимат-къадру цIикIкIарал чагIаздасан вукIана. Гьес хIажизабазе замзам гьекъезе кьолаан, КагIба къачIалаан. Мадинаялъул гIадамаз Аварагасе ﷺ къотIи гьабулеб заманаялъги гьев аскIов вукIана, гьезул къотIи щула гьабизе кумек гьабулев. ХIунайналъул гъазаваталдаги, Авараг ﷺ тушбабаздасаги цIунун, гьесда аскIов чIана гьев. Гьес Аварагасул ﷺ гIорцIмил чIолохъжо ккун букIана гьеб къоялъ. Хирияс ﷺ амру гьабун, гьес ансарияздe ахIи бана кумекалъе рачIаян. Гьесул гьаркьихъе данделъизеги данделъун, асхIабзабаз тушман щущахъ виххизавуна. Хирияв Аварагас ﷺ, эмен гIадин, кIодо гьавулаан гьев, гьесул къадру гьабулаан, гьесие лъикIлъи гьабулаан. АсхIабзабазги гьесулгун гIакълу дандбалаан. ГIаббас вукIана битIараб пикруялъул, цIакъ сахаватав, цIакъ гIагарлъи цоцада бухьинабулев, гьезие лъикIлъи гIемерав чи. Аллагь ﷻ разилъаял ГIумарицаги ГIусманицаги, халифабилъун ругеб мехалъ, гьев кIодо гьавулаан. Гьев аскIове щолеб мехалъ, гьел вараниялдаса гIодоре рещтIунаан, гьевги кIодо гьавун. Аллагь ﷻ разилъаяв ГIумар асхIабас, гьев гьоркьов ккун, цIад гьарулаан ва гьесул баракаталъ цIадги балаан. Аварагас ﷺ абулаан: «ГIаббас дир вуго, дунги ГIаббасил вугилан». Гьев бищун къурайшиязул сахаватав чи вугиланги абулаан. Гьединго абулаан: «ГIаббасие къварилъи гьабурав чи – дие къварилъи гьабурав чи кколилан». Аварагас ﷺ гьесие дугIа гьабуна: «Я дир Аллагь ﷻ, Дуца ГIаббасилги гьесул лъималазулги батIиналги загьиралги мунагьал чуре, цониги мунагь тIад хутIуларедухъ, гьесул лъималги Дуца цIуне», - ян. Гьев хвана гьижрияб тарихалъул 32-аб. соналъ гIумруялъул 88 сон бараб мехалъ ва вукъана БакъигIалъул хабалалъ. Аллагь ﷻ разилъаги гьел кIияздасаго, Аллагьас ﷻ гьелги рази гьареги. Амин.

АбутIалибица абуни, хвезегIан Авараг ﷺ цIунана мушрикуназдасан. Гьес загьиралда шагьадат битIичIо, гьев исламалда хванилан абулел цо-цо гIалимзабиги руго.

Газеталда руго чороклъизаризе шаргIалъ хIарам гьарурал аяталги хIадисалги

ГIИБАДАТАЛЪЕ ЖИГАР БАХЪУЛЕВ ЧИЯСДАСА ЦЕВЕ ККЕЗЕ (ДАРАЖА БОРХИЗЕ) БОКЬАРАВ ЧИ ЩИВ ВАТАНИГИ, ГЬЕС МУНАГЬАЛ ГЬАРУГЕ (АБУЯГIЛА) ХIАДИС

ТАРИХ

Аварагас ﷺ ханзабазухъе

ХIудайбияталъул къотIи гьабун хадуса, хирияв Аварагас ﷺ батIибатIиял ханзабазухъе, гьел исламалде ахIун, кагътал ритIана. Ханзабаз, тIад мугьру чIварал гурони, кагътал цIалуларин абидал, Аварагас ﷺ тIад «Аллагьасул авараг МухIаммад ﷺ» абун хъвараб гIарцул баргьич гьабуна. Анлъабилеб соналъул ахиралде нилъер Хирияс ﷺ ичIго ханасухъе, кагъталги росун, асхIабзаби ритIана.

Эфиопиялъул ханасухъе битIараб кагъат

Бичасул Аварагас ﷺ Эфиопиялъул хан — Нажаши АсхIаматихъе, кагъатги босун, витIана Умаятил ГIамру. Гьадин хъван букIана кагътида:

«Бисмиллагьи РрахIмани РрахIим.
Бичасул Авараг ﷺ МухIаммадил рахъалдасан Эфиопиялъул хан Нажашиясухъе.
Аллагьасул ﷻ салам лъеги хIакъабнухалда нахърилълъунезда. Цинги, дица Жив цогояв Аллагьасе ﷻ рецц гьабулеб буго, Маликлъун, Къудусул Саламун Муъмину Мугьайминлъун Жив вугев. Дица нугIлъиги гьабулеб буго, Марьямил вас ГIиса Аллагьасул ﷻ рухIлъунги рагIилъунги вукIиналъе, жиндалъун Аллагьас ﷻ лъикIай, Гьесул рухIалдаса ГIисал зарра жиндир ургьибе лъугьарай, гIакълу камилай яс Марьямиде хитIаб гьабурав, Аллагьас ﷻ Адам вижарав гIадин.
ХIакълъунго, дун Бичасул Авараг ﷺ вукIиналъ, дица мун ахIулев вуго Жиндие гIахьалчи гьечIев Аллагьасде ﷻ, Гьесие мутIигIлъизе, ва дида нахъвилълъине, ва дихъе рещтIараб Къуръаналда божизе.
Дица мунги дур рагъухъабиги ТIадегIанав ва ХIалкIолев Аллагьасде ﷻ ахIулел руго. Дица духъе исламалъул ахIиги щвезе гьабуна ва дуе насихIатги гьабуна. Дуца дир насихIат къабул гьабе. Аллагьасул салам лъеги хIакъаб нухалда нахърилълъунезда».

ГIамруца кагъат кьурабго, Эфиопиялъул ханас гьелъул цIакъ кIудияб адаб-хIурмат гьабуна. Цин кагъат жиндирго беразда тIад чIвана, цинги, тахидаса тIадеги вахъун, чIабаралда гIодов чIана. Гьениб Нажашияс ислам къабул гьабуна, гьелъул хIакъалъулъ Аварагасухъе ﷺ кагъатги хъвана. Аварагасул ﷺ тIалабалда рекъон, АбутIалибил ЖагIфарил бетIерлъиялда гьенире гочарал бусурбаби, кIиго гамидаги рекIинарун, гьев ханас тIад руссун ритIана.

ИчIабилеб соналъул ражаб моцIалъ хвана гьев Нажаши. Гьеб къоялъ, Мадинаялда вукIаго, Хирияв Аварагас ﷺ асхIабзабазда бицана Эфиопиялъул хан хванилан ва гьесдасан жаназаялъул какги бана.

Рималъул императорасухъе битIараб кагъат

Бичасул Аварагас ﷺ, Рималъул император Ираклихъе хъвараб кагъатги босун, Халифатил ДахIият витIана. Гьесда тIадкъан букIана кагъат Бусраялъул бетIерасухъе кьеян, цинги гьес Рималъул императорасухъе кьезе букIине. Гьадин хъван букIана кагътида:

«Бисмиллагьи РрахIмани РрахIим.
Бичасул лагъ ва Гьесул Авараг МухIаммадил ﷺ рахъалдасан Рималъул император Ираклихъе.
Аллагьасул ﷻ салам лъеги хIакъаб нухалда нахърилълъунезда. Цинги, дица мун ахIулев вуго ислам къабул гьабизе. Ислам къабул гьабуни, мун хвасарлъизе вуго, Аллагьас ﷻ дуе ажруги кIиго нухалъ цIикIкIинабизе буго. Нагагь дуца инкар гьабуни, киналго дуе мутIигIал гIадамазул мунагь дуе букIине буго».

Аллагь ﷻ цо гьавиялде ва Гьесие лагълъи гьабиялде китабалъул агьлу (жидехъа церехун тIахьал рещтIарал чагIи) ахIулеб аятги хъвана Хирияс ﷺ гьеб кагьтил ахиралда.

Гьеб букIана Рималъул аскаралъ персазул бо къезе гьабураб заман. Иерусалималда вукIаго, щвана Рималъул императорасухъе гьеб кагъат. Цинги императорас жиндирго нукарзабазда амру гьабуна: Авараг ﷺ лъалел гIарабиязул чагIи жиндихъе рачун рачIайилан. Къурайшиязул къапилаги бачун, даран-базаралъ Шамалде вачIарав Абусупян ватидал, цадахъ рукIарал къурайшиялгун цадахъ гьев императорасухъе щвезе гьавуна. Рималъул цересел гIадамалгун вукIана император. Гьес къурайшиязда гьикъана: «Нужеда гьоркьов жив авараг вугилан чIарав чиясде насабалъул рахъалъ бищун гIагарав щив вугев?» - илан. Жив вугилан Абусупяница абидал, жиндаго аскIовегIанги ахIун, гIодов чIезавуна Ираклица гьев. ХутIарал къурайшияздехун вуссун, Ираклица абуна: «Дица гьасие суалал кьезе руго, гьас дие гьереси бицани, нужеца дида лъазе гьабе», –ян.

Абусупянида гьереси бицине кIвечIо.

Ираклица Абусупянида гьикъана:

- Жив авараг вугилан чIарав чиясул насаб кинаб бугеб?

- ЛъикIаб, бацIцIадаб буго, –ян абуна Абусупяница.

- Цевеккун нужеда гьоркьов жив авараг вугилан абулев чи вукIанищ? – ан гьикъана гьес.

- ВукIинчIо, – ян абуна Абусупяница.

- Досул умумузулъ хан вукIанищ? – ян гьикъана гьес.

- ВукIинчIо, – ян абуна Абусупяница.

- Гьесда нахърилълъунел гIадамал бечедалищ ругел, мискиналищ? – ан гьикъана императорас.

- ГIемерисел мискинал руго, – ян жаваб гьабуна Абусупяница.

- Гьезул къадар цIикIкIунебищ бугеб, яги дагьлъулебищ? – ан цIехана Ираклица.

- ЦIикIкIунеб буго, – ян абуна гьес.

- Гьесул дин босун хадуса, гьелда ракI рекъечIого, инкар гьабурал гIадамал ккани щ? – ан цIехана нахъеги императорас.

- Ккечlо, – ян абуна гьес.

- Диналъул бицинегIан, цебеккун гьес киданиги гьереси бицунеб, божуда рекIкI гьабулеб букIанищ? – ан гьикъана гьес.

- БукIинчIо, – ян абуна Абусупяница.

- Нуж гьевгун рагъизе ккани щ? – ан цIехана Ираклица.

Ккани лан Абусупяница абидал, рагъул хIасил щиб ккарабилан гьикъана Ираклица. Рагъул хIасил хис-хисун букIанин, цин гьев бергьун, цин ниж бергьун рукIанилан бицана Абусупяница.

- Гьес нужеда сундалъун амру гьабулеб бугеб? – ян цIехана Ираклица.

- Гьес нижеда абулеб буго Аллагь ﷻ цо вугин, лагълъи цохIо Гьесие гьабейин, Гьесдехун щибго гIахьал гьабизе бегьуларин ва нижер умумуз лагълъи гьабулел рукIарал хъанчаздаса инкар гьабеян. Цойги, гьес амру гьабулеб буго как байилан, садакъа кьейилан ва гьабураб къотIи тIубазе гьабейилан.

Ираклица Абусупянида абуна: «Дуца абуна гьев лъикIаб насабалъул чи вугилан. Гьединал рукIана гьесдаса цереккун Аллагьас ﷻ гIадамазухъе ритIарал аварагзабиги. Дуца абуна гьесде щвезегIан цебеккун нужер цонигияс гьес абулеб гIадаб жо абулеб букIинчIилан. Гьедин гуребани, дида ракIалде ккелаан, гьес цебеккун букIараб жо такрар гьабулеб бугилан. Дуца абуна гьесул умумузулъ ханзаби рукIинчIилан. Гьел рукIаралани, гьезул ханлъи нахъбуссинабизе къваригIун бугилан телаан дица. Гьес киданиги гьереси бицинчIилан дуца абидал, дида бичIчIана гIадамазда гьереси бицинчIев гьес Аллагьасде ﷻ гьереси гIунтIизабизе гьечIеблъи.

Дуца абуна гьесда хадур мискинал гIадамал рилълъунел ругилан. Бичасул аварагзабазда нахърилълъунел чагIи кидаго мискинал рукIана. Дуца абуна гьесда нахърилълъунел гIадамазул къадар цIикIкIунеб бугилан. Гьел цIикIкIанагIан иман лъейги цIикIкIуна. Дуца гьединго абуна гьев божуда рекIкI гьабулев чи гьечIилан. Гьебги Бичасул аварагзабазул хасият буго.

Дуца гьединго абуна гьес амру гьабулеб бугин гIицIго Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабеян, какал раян, садакъа кьеян, ритIухъаллъун рукIаян ва гьабураб къотIи тIубазе гьабеян.

Дуца абулеб кинабго уяб батани, гьес кверщел гьабизе буго гьабсагIат дир хIатIида гъоркь бугеб ракьалдаги. Дида лъалаан авараг вахъине вугеблъи, амма лъалароан нужеда гьоркьосан вахъине вукIин. Гьесда аскIове щвелеблъи дида лъалебани, дица гьевгун дандчIвазе жигар бахъилаан, дун гьевгун дандчIваравани, дица гьесул хIатIалги чурилаан», – ян.

Цинги Ираклица амру гьабуна жиндихъе Аварагасул ﷺ кагъат кьейилан. Императорасе гьеб кагъат цIалидал, гьесул цересел гIадамазда гьоркьоб ахIи-хIур бахъана. Абусупянги гьалмагълъиги гьениса къватIире ритIана. ГIажаиблъи гьабурав Абусупяница гьалмагъзабазда абуна: «ХIакълъунго, гьесул иш Рималъул парчахIцин жиндасан хIинкъулеб бакIалде щун буго», — ян.

Гьелдаса хадуб императорас Рималъул цересел гIадамал ХIимсалда жиндирго кIалгIаялъур данде гьаруна. КIалгIаялъул каваби рахаян амруги гьабун, гьес абуна: «Нужее бокьилищ, гьав Аварагасда ﷺ нахъги рилълъун, лъикIлъиялда кверщел батизе?» — ян. Гьел рагIаби рагIаралго киналго кавудал кIалтIе ортана, амма, гьебги рахан батун, чIун хутIана. Киданиги гьел жиндаго тIад рекъолареблъи лъайдал Ираклица абуна: «Дун, нужерго диналдехун кинаб божилъи нужер бугебали лъазе, хIал бихьизе кIалъалев вукIана. Дир ракIчIана нуж гьелъие кидаго мутIигIал рукIиналда», — ян. Цинги киналго, Ираклидаса разилъун, гьесие къулана. Гьедин Аварагасул ﷺ хIакъикъат, мукIурлъун, жиндаго лъалеб букIаниги, ханлъи кодоса иналда хIинкъун, Рималъул императорас ислам къабул гьабичIо. Аварагасул ﷺ кагъат босун вачIарав Халифатил ДахIият, чIухIизабун къачIараб ретIелги гIарацги кьун, тIадвуссун витIана Ираклица.

Персиялъул ханасухъе битIараб кагъат

Бичасул Аварагас ﷺ персазул Кисраханасухъе хъвараб кагъатги босун, ХIузафатил ГIабдуллагь витIана. Гьадин хъван букIана кагьтида:

«Бисмиллагьи РрахIмани РрахIим.
Бичасул Авараг МухIаммадил ﷺ рахъалдасан персазул хан Кисрахъе. Аллагьасдаги ﷻ Гьесул Аварагасдаги ﷺ божун, битIараб нухда хьвадулездa салам лъеги.
Дица нугIлъи гьабулеб буго, Жиндие гIахьалчи гьечIев, цо Аллагь гурони, цоги аллагь гьечIилан ва – МухIаммад – Гьесул лагъги аварагги вугилан. Дица мун Аллагьасе мутIигIлъиялде ахIулев вуго. Дун, чIагоязе хIинкъи кьезе ва капурзабазе гIазаб кьезе бугилан абураб рагIи хIакъаб букIин лъазабизе витIарав авараг вуго. Ислам къабул гьабе, – мун хвасарлъизе вуго. Нагагь дуца гьелдаса инкар гьабуни, киналго цIадуе лагълъи гьабулезул мунагь дуе букIине буго», – ян.

Бичасул Аварагасул ﷺ кагъат цIаларабго, ццим бахъарав Кисраханас гьеб бихъ-бихъун бана: «Дир рагIияталда вугев хIакъирав лагъас диралдаса жиндирго цIар цебе хъван буго», – ян абун. Гьеб хабар лъарабго, хирияв Аварагас ﷺ абуна: «Аллагьас гьесул ханлъиги тIу-тIун байги», – ян. Хадубккун гьедин ккезеги ккана.

Кисраханас Йеменалда вугев жиндирго чукъа Базанихъе кагъат битIана: ХIижазалда вугев, жив аварагилан чIарав, гIарабияв жиндихъе вачине кIиго рагъухъан витIеян. Хех гьабун Кисрахъе щвайилан хъвараб кагъатгун, Базаница Аварагасухъе ﷺ кIигояв витIана. Шагьзабазулги шагь Кисраясухъе мун вачине рачIанилан абидал, Аварагас ﷺ гьезда абуна: «Нуж дихъе метер рачIа», – ян. Гьеб заманалъ Рималъул империялъул аскаралъ персазул аскар щущахъ биххизабун букIана. Гьеб сордоялъ Кисрахан жиндирго вас Шируягьица чIвана ва инсул бакIалда персазул шагьлъун живго лъугьана. Мадинаялда вукIаго, Аллагьас ﷻ бицун, лъана Аварагасда ﷺ гьеб. Нахъисеб къоялъ гьев кIиявго вачIиндал, Аварагас ﷺ гьезда бицана Кисрахан

Газеталда руго чороклъизаризе шаргIалъ хIарам гьарурал аяталги хIадисалги

ХIАДИС

ДУНЯЛАЛДА ЛЪИКIАЛ ЧАГIИ БЕРЦИН ГЬАРИЧIО ГЬЕЛДАСА (ДУНЯЛАЛДАСА) МУГЪБАЯЛЪ (ЗУГЬДАЛЪ) ГIАДИН. (АБУЯГIЛА)

ТАРИХ

ритIарал кагътал

чIван вугилан. «Дуца бицунеб жо дудаго бичIчIулеб бугищ? – абун лъугьана гьел. – Нижеца дуде гIунтIизабулеб гIайиб гьелдаса дагьаб букIана, нижеца гьеб ханасухъе хъвазе буго», – ян. Хирияв Аварагас ﷺ абуна: «Дир рахъалдаса гьесда гьаб хабарги бице ва дир динги дир хIукмуги, Кисраханасул гIадин, кибго тIибитIизе бугин абе. Гьес Ислам къабул гьабуни, дица гьабсагIат гьесул кверщаликь бугеб ханлъиги гьесухъго тезе буго, жиндирго къавмалъул киналго гIадамалги гьесие мутIигIлъизе руго», – ян.

Гьев кIиявго Базанихъе тIадвуссана Аварагас ﷺ абураб гьесда бицине. Гьелдаса мех балалде васас Кисрахан чIваялъул хабарги тIаде щвана ва цIияв шагь Шируягьица Базанихъе кагъатги бачIана: «Дир инсуца духъе жиндир хIакъалъулъ хъван букIарав гIарабиясда хадув валагье, дир амру тIаде щвезегIан гьесдаги хъваге», — ян. Цинги Базаницаги гьесда цадахъ рукIарал персазги ислам къабул гьабуна.

Мисриялъул ханасухъе битIараб кагъат

Аварагас ﷺ Мисриялъул хан Мукъавкъисихъе кагъат щвезабизе АбубалтагIатил ХIатIиб витIана. Александриялде щвейгун, Мисриялъул ханас гьев цIакъ лъикI къабул гьавуна. Гьадин хъван букIана кагътида:

«Бисмиллагьи РрахIмани РрахIим.

Аллагьасул ﷺ лагъ ва Гьесул Авараг ﷺ МухIаммадил рахъалдасан къибтIиязул хан Мукъавкъисихъе. Аллагьасул ﷺ салам лъеги хIакъаб нухалда нахърилълъунезда.

Цинги хадуб, дица мун ахIулев вуго ислам къабул гьабизе. Ислам къабул гьабиялъулъ буго дур хвасарлъи. Ислам къабул гьабуни, Аллагьас дуе кIиго нухалъ цIикIкIун ажруги кьела. Дуца инкар гьабуни, киналго къибтIиязул мунагьалги дуца раччила», — ян.

Цинги Бичасул Аварагас ﷺ цохIо Аллагьасе ﷺ лагълъи гьабиялде китабалъул агьлу ахIун рещтIараб аятги хъвана гьесухъе.

Аварагасул ﷺ кагъат цIаларабго, Мукъавкъисица ХIатIибида гьикъана: «Гьев Аллагьасул авараг ватани, гьес жиндирго шагьаралдаса живго къватIиве къотIаразе квешаб дугIа щай гьабичIеб?» – ан. ХIатIибица гьесие гьадинаб жаваб гьабуна: «Нужеца нугIлъи гьабулеб гьечIищ Марьямил вас ГIиса Аллагьасул ﷺ авараг букIиналъе. Жиндирго къавмалъ гIемерал зарарал гьарунигги, хIатта, живго чIвазейилан лъугьаниги, гьел гьалаг гьарейилан щайха ГIисаца гьаричIеб Аллагьас ﷻ зодове вачинегIан?» - абун. «Лъикl буго», — ян абуна Аварагасул ﷺ чапарасул жавабалъ гIажизлъизавурав ханас.

Цинги къибтIиязул ханас абуна: «Гьев Аварагасул ﷺ хабар битIараб буго, бегьулареб жоялдалъун гьес амруги гьабулеб гьечIо, авараглъиялъул гIаламаталги гьесулъ руго», — ян. Пилалъул ракьаялъул гьабураб гъутухъалда жаниб Хириясул ﷺ кагъатги нахъе лъун, жив ургъизегIан сабру гьабейилан абуна гьес ХIатIибида.

Аварагасухъе ﷺ жавабалъе къибтIиязул ханас гьадинаб кагъат хъвана:

«Бисмиллагьи РрахIмани РрахIим.

ГIабдуллагьил МухIаммадихъе къибтIиязул хан Мукъавкъисил рахъалдасан. Дуда Аллагьасул ﷺ салам лъеги. Цинги, дица дур кагъатги цIалана, дуца жинде ахIулеб жоги дида бичIчIана. Авараг вахъине заман гIагарлъулеб букIинги дида лъалеб букIана, амма дида ккун букIана гьев Шамалда вахъине вугилан. Дица дур чапарги кIодо гьавуна. Дица дуе сайгъаталъе къибтIиязул лъикIаб наслуялъул кIиго гъаравашги, мун тIад рекIине букIине гIорцIенги, дуе ретIелги битIана», — ян.

Мукъавкъисица ислам къабул гьабичIо, амма ХIижазалъул ракьалде щвезегIан, ХIатIибида цадахъ, гьев цIунизе, ярагъ барал гIадамал ритIана. Мукъавкъисица ритIарал гъаравашазул цояй, Марият абулей, Бичасул Аварагас ﷺ жиндиего тана, Сарин абулей Сабитил ХIасан абулев шагIирасе сайгъат гьаюна. Гьес битIараб Дулдул абулеб гIорцIенги рекIана гIаламалъул Хирияв Аварагас ﷺ. Мукъавкъисихъе битIараб кагъат 1850 соналъ Египеталъул Агьмин абулеб бакIалда, къибтIиязул килисаялъул тIахьазда гьоркьоб батана. Доб мехалъ турказул султIанлъун вукIарав ГIабдулмажид-ханас гьеб кагъат бичун босана ва Стамбулалъул «Топканы Сарайы» абулеб музеялда гьабсагIатги нахъе цIунун буго.

БахIрейналъул бетIерасухъе битIараб кагъат

Аварагас ﷺ, БахIрейналъул бетIер Савал Мунзир исламалде ахIун хъвараб кагъатги босун, Хазрамил ГIалаъ витIана. Гьадин хъван букIана кагътида:

«Бисмиллагьи РрахIмани РрахIим.

Дуца Ислам къабул гьабе, цо Аллагь ﷻ гурони, цоги аллагьги гьечIо, дунги, хIакълъунго, Гьесул Авараг ﷺ вуго. Щив чи вугониги, нижер какги барав, нижер къиблаялдеги вуссарав, нижер къурбаналъул гьанги кванарав – гьев бусурманчи вуго. Гьев – Аллагьасулги ﷻ Гьесул Аварагасулги ﷺ цIуниялда гъоркь вуго».

Мунзирица Ислам къабул гьабуна ва Хириясухъе ﷺ жавабалъе кагъатги хъвана: ***«Цинги, я Бичасул Авараг ﷺ, дица БахIрейналъул агьлуялъе дур кагъатги цIалана. Гьезда гьоркьосан цо-цоязе ислам бокьана, гьез гьеб къабулги гьабуна. Цогидаз гьелдаса инкар гьабуна. Нижер ракьалда гIумру гьабулел ягьудиялги цIадуе лагълъи гьабулелги руго. Дуца амру гьабе, дица гьезда щиб гьабилебали, дун гьеб тIубазе хIадурав вуго»***, — ян.

Бичасул Аварагас ﷺ гьесие жавабалъе гьадин хъвана: «Бисмиллагьи РрахIмани РрахIим.

Аллагьасул ﷺ авараг МухIаммадил ﷺ рахъалдасан Савал Мунзирихъе. Аллагьасул салам лъеги дуда. Дица Жив цогояв Аллагьасе рецц гьабулеб буго, МухIаммад – Гьесул Аварагги ﷺ лагъги вугилан нугIлъиги гьабулеб буго.

Цинги, дица дуда ТIадегIанав Аллагь ﷻ ракIалде щвезавулев вуго. НасихIат гьабулев чи – жиндирго напсалъе насихIат гьабулев вуго. Дица ритIарал гIадамазе мутIигIлъарав чи – дие мутIигIлъарав чи вуго. Гьезие кьураб лъикIаб гIакълуги – дие кьураб буго. ХIакълъунго, дир чапарзабаз дур рахъалъ, дуе рецц гьабун, лъикIаб рагIи бицана. Дур къавмалъе дуца гьабураб шафагIат дица къабул гьабизеги буго. Ислам къабул гьабулелъул, бусурбабазда кодоб букIараб боцIи гьезухъго те. Ягьудиязухъаги цIадуе лагълъи гьабулезухъаги магъалоги бахъе. Дуца лъикIалдалъун амру гьабулеб бугебгIан мехалъ, нижеца мун ханлъиялдаса нахъе вахъизе гьечIо».

Димашкъалъул бетIерасухъе битIараб кагъат

Доб заманаялъ Рималъул пачалихъалъул кверщаликь рукIана Шамалъул ракьал. Гьединлъидал, Димашкъалъул бетIер Абушимрал ХIарисги Рималъул императорас тарав чи вукIана. Бичасул Аварагас ﷺ, ХIарисихъе кагъатги босун, Вагьбил ШужагI витIана. Гьадин хъван букIана Хириясул ﷺ кагътида:

Кагъат цIаларабго, гIодобе гьебги рехун, ХIарис ахIдезе лъугьана: «Гьав щив дир мулкалдаса дун махIрум гьавизе кIолев чи?» – ян. Цинги ХIарисица амру гьабуна: рагъул аскар хIадур гьабейилан. Гьес Рималъул императорасухъе чи витIана бусурбабигун рагъизе изну кьеян. Ираклица гьелъие изну кьечIелъул, гьес ШужагI, сайгъаталги кьун, ракълида рокъове виччан тана.

«Бисмиллагьи РрахIмани РрахIим.

Аллагьасул ﷺ Авараг МухIаммадил ﷺ рахъалдасан Аллагьасул ﷻ Авараг МухIаммадил ﷺ рахъалдасан Абушимрал ХIарисихъе. Аллагьасул ﷻ салам лъеги хIакъаб нух ккуразда ва Аллагьасда ﷻ божулезда. ХIакълъунго, дица мун ахIулев вуго Жиндие гIахьалчи гьечIев Аллагьасда ﷻ божиялде, цинги мун дурго мулкалдаса махIрумлъизе гьечIо».

Бусраялъул бетIерасухъе кагъат битIи

Бусраялъул бетIерасухъе, гьев Исламалде ахIараб кагъатги босун, Аварагас ﷺ ГIумайрил ХIарис витIана. Иорданиялъул Муътат абураб бакIалде щвейгун, ГIамрул ШурахIбил абулев Гъасанидазул чукъаяс гьев ккуна ва киве унев чийилан гьесда цIехана. Бичасул Аварагасул ﷺ кагъатги босун, Шамалде унев вугилан ХIарисица абидал, ШурахIбилица амруги гьабун, ХIарисил бетIер къотIана. ГIумайрил ХIарис гурони, Аварагас ﷺ кагътал росун ритIарал чапарзабазул цонигияв чIвачIо. Жиндирго чапар чIваялъ Авараг ﷺ цIакъ пашман гьавуна ва хадубккун Муътаталъул рагъ ккеялъе сабаблъунги гьеб ккана.

ГIуманалъул ханасухъе битIараб кагъат

Бичасул Аварагас ﷺ, ГIуманалъул ханасухъе ва гьесул вацасухъе хъвараб кагъатги босун, ГIасил ГIамру витIана. Гьадин абулеб букIана кагътида:

«Бисмиллагьи РрахIмани РрахIим.

Бичасул Авараг МухIаммадил ﷺ рахъалдасан ГIуманалъул хан Жаландил Жайфарихъе ва гьесул вац ГIабдухъе. Аллагьасул салам лъеги хIакъаб нухалда нахърилълъунезда. Цинги, дица нуж кIиялго исламалде ахIулел руго. Ислам къабул гьабуни, нуж хвасарлъизе руго. Дун – чIагоязе хIинкъи кьезеги, капурзабазе гIазаб кьезе бугилан абураб рагIи хIакъаб букIин лъазабизеги витIарав Авараг ﷺ вуго. Нужеца ислам къабул гьабуни, дица нуж ханзабилъун тела. Нагагь нужеца инкар гьабуни, нужеда кодоса ханлъиги ина, дир чотIахъабаз нужер ракьалги рахъила. Нужер ханлъиялдаса дир авараглъи бергьине буго», – ян.

Кагъатги босун, ГIуманалде щвейгун, ханасул вац – Жаландил ГIабдуца ГIамруда гьикъана нужер Аварагас ﷺ жал сунде ахIулел ругелилан. ГIамруца абуна:

«ТIадегIанав Аллагьасе тIагIат гьабиялде ва гIассилъаби теялде ахIулел руго. Гьес ﷻ гьукъулеб буго зулму ва зина гьаби, чагъир гьекъей, хъанчазе лагълъи гьаби», – ян. «Гьес лъикIабщиналде ахIулел руго,– ян абуна ГIабдуца. – Дир вац дида нахъвилълъуневани, ниж кIиязго цадахъ Бичасул Аварагасде ﷺ иман лъелаан. Амма дир вац, цIакъ ханлъи хирияв чи вукIиналъ, гьесда ﷺ нахъвилълъинчIого вукIине бегьула», – ян.

Цинги ГIамруца абуна: «Дур вацас ислам къабул гьабуни, Бичасул Аварагас ﷺ гьев жиндирго халкъалъул ханлъун тезе вуго ва гьес, бечедазухъаги бакIарун, мискиназе закатги кьезе буго», — ян. ГIабдуца жиндирго вацасухъе – Жайфарихъе вачана ГIамру.

Аварагасул ﷺ кагъатги цIалун, ханас жиндирго вац ГIабдуда гьикъана: къурайшияз щиб гьабулеб бугебилан. ГIабдуца абуна: гьез ислам къабул гьабун бугин, дуцаги гьабейин, гурони дуда кодоса ханлъи ине бугилан. Жив метерлъизегIан ургъилилан абуна ханас. Хадусел къояз гьел кIиязго ислам къабул гьабуна. Хадубккун закат бакIаризе ГIамру лъугьиндал, кIиязго гьесие кумекги гьабуна.

Ямаматалъул бетIерасухъе битIараб кагъат

Бичасул Аварагас ﷺ, Ямаматалъул бетIерасухъе кагъатги босун, ГIамрул СалитI витIана. Кагътида гьадин хъван букIана:

«Бисмиллагьи РрахIмани РрахIим.

Аллагьасул лагъ ва Гьесул Авараг ﷺ МухIаммадил рахъалдасан ГIалил Гьавзатихъе. Аллагьасул ﷻ салам лъеги хIакъаб нухалда нихърилълъунезда. Дуда лъан букIа, дир дин киса-кибего тIибитIизабизе букIин. Ислам къабул гьабуни, мун хвасарлъизе вуго ва дица дуда кодоб бугеб мулкги духъго тезе буго», - ян.

Гьавзатица гьесда лъикIаб дандчIвай гьабуна ва гьесие чIухIараб ретIелги сайгъат гьабуна. Аварагасе ﷺ жавабалъе гьес хъвана: «Дуца дун жинде ахIулелдаса лъикIабги берцинабги жо щибго гьечIо. Дун – дирго къавмалъул шагIирги, гIарабияз рикIкIунев цевехъанги вуго. Дуца дурго авараглъиялъулъ дунги гIахьал гьаве, цинги дун дуда нахъвилълъине вуго», - ян.

Гьесул кагъат цIаларабго, Аварагас ﷺ абуна: «Гьес дида ракьул гьитIинаб кесек гьарун букIарабани, дица гьебгицин кьолароан гьесие. Гьевги гьесул мулкги тIагIаги!» - ян. Гьелдаса гIемер мехго балелде гьевги хвана, гьесул ханлъиги бикьа-къотIана.

МухIаммад-хIажи ХIАМЗАЕВ



Газеталда руго чороклъизаризе шаргIалъ хIарам гьарурал аяталги хIадисалги

ТАЛИХI КЪОСИНАЛДАСАН ККОЛА МАГIИДАСА БЕР БАКЪВАЙ, РАКI БИЦЦАЛЪИ, ХЬУЛ ХАЛАЛЪИ, ХЪАНТIИ (БАЗЗАР)

ХIАДИС

АВАРАГАСУЛ ﷺ ХIУРМАТАЛДА

Аварагасул ﷺ наслу-насаб

Аварагасул ﷺ инсул яцал

Хирияв Аварагасул ﷺ анлъго инсул яц йикIана: Байзат, Баррат, ГIатикат, Сафият, Арва, Умаймат. Гьездасан исламияб талихI щвана Сафиятие ва ГIатикатие. Арва бусурманлъанилан абулел гIалимзабиги руго.

Аллагь ﷻ разилъаяй Сафият йикIана бахIарчияй, сабур кутакай, пасихIай гIадан. Гьей исламалде цере ккараздаса, исламалъе гIоло гьижра гьабураздаса йикIана. Квешлъиялъе ургъулев вукIарав цо ягьудияв чIвана гьелъ кIудияб тIилица. Сафият хвана ГIумар асхIабасул халифлъиялда, гьижрияб тарихалъул къоабилеб соналъ, 70 соналдаса тIаде гIумруги ун.

Хирияв Авараг ﷺ хахизавурал руччаби

МухIамад авараг ﷺ хахизавуна жиндирго эбел Аминатицаги, Сувайбатицаги, Мунзирилъ ясХавлатицаги, Умму Айманицаги, сагIдиязул ХIалимат гурей, цоги, ХIалимат абун цIар бугей гIаданалъги, лъабго, ГIатикат абун цIар бугел руччабазги. Бищунго гIемер гьев хахизавурай гIадан йикIана сагIдиязул ХIалимат. Гьей ХIалиматил агьлуялъе гIемераб баракат щвана гьитIинав МухIамад хьихьиялдалъун. Хириясухъе ﷺ авараглъи кьун хадуса гьелъ ислам босана. Жиндихъе ХIалимат ячIараб мехалъ, хирияв Аварагас ﷺ, жиндаго тIад букIараб халгIатги бахъун, гьебги гIодоб тIибитIун, гьелда тIад гIодой чIезаюна гьей ва, сайгъаталги кьун, цIакъ кIодоги гьаюна.

ТIагьаясул ﷺ гъаравашал

Ссалат-салам лъеяв МухIаммад аварагасул гъаравашаздасан ккола Салма, СагIидил яс Маймунат, Хузрат, Разва, Разинат, Умму Замират, АбугIусаймил яс Маймунат, Марият, РайхIанат.

Расулас ﷺ тархъарал лагъзал

Хирияв Аварагас ﷺ тархъарал лагъзаде ридасан ккола, Аллагь ﷻ разилъаял, АбурафигI, цоги АбурафигI, АхIмар, Зайдил Усамат, АфлахI, Унсат, Айман, Савфан, Закван, РафигI, РаббахI, ХIарисатил Зайд, Зайдан, Сабикъ, Салим, Салманул Фариси, Салим, СагIид, Замират, ГIабдуллагь, Фузалат, Кайсан, Магьрам, Руман, МутIгIим, НафигI, Вардан, Гьишам, Ясар, Абуасилат, АбулхIамраъ, АбусалихI, Абузамират, АбугIубайдат, Абумувайгьибат, Абувакъид, Каркарат, Мабур, Абулубабат, Абулакъит, Абугьинд. Киназдасаго гьездаса Аллагь ﷻ разилъаги.

Хириясул ﷺ хъулухъчагIи

Хирияв Аварагасе ﷺ хъулухъ гьабулел букIарал машгьурал гIадамаздасан ккола Анас бину Малик, ГIабдуллагь бину МасгIуд, МугIайкъийу Румми, ГIукъбат бину ГIамир, АскъагI бину Шарик, Билал. Аллагь ﷻ разилъаги гьездаса. Гьезул хиралъаби тарихалъул тIахьазда гIемер рехсон руго.

ХIабибасул ﷺ хъвадарулел чагIи

Хирияв Аварагасул ﷺ ВахIю хъвалел гIадамал 45-ялде гIагарун букIана. Гьезул машгьураздасан ккола: Аварагасул ﷺ ункъавго халифа – Абубакр, ГIумар, ГIусман, ГIали; ГIабдуллагь бину СархI, ГIамир бину Фугьайрат, ГIабдуллагь бину Аркъам, Убаййу бину КагIб, Сабит бину Къайс, Зайд бину Сабит, МугIавият бину Абусуфян, гьесул вац Язид, Мугъират бину ШугIбат, Зубайр бин ГIавам, Халид бину Валид, ГIалаъ бину Хазрами, ГIамр бину ГIас, ГIабдуллагь бину РавахIат, МухIаммад бину Масламат, ГIабдуллагь бину ГIабдуллагь. Аллагь ﷻ разилъаги гьел киназдасаго.

Аварагасул ﷺ хъаравулзаби

Аллагьас ﷻ мун цIунизе вугилан абураб магIнаялъул аят рещтIиналде хирияв Авараг ﷺ цIунулел хъаравулзаби букIана. Гьев цIуниялда хурхараб аят рещтIун хадуса, гьес гьезда абуна: гьанже нуж нахъе а, Аллагьас ﷻ дун цIунизе тIаде босанилан. Гьелдаса хадуб Авараг ﷺ тушбабазул жамагIат къотIун гьоркьосаги унаан. Гьев цIуниги гьесул мугIжизатазул цояблъун ккола. Гьев цIуниялда хурхараб аят рещтIиналде гьев цIунулел букIарал машгьурал асхIабзабаздаса ккола МугIазил СагIду, Муслим, Абубакар, Масламатил МухIаммад, ГIавамил Зубайр, ШугIбатил Мугъират, Абуайубил Ансари, Билал, СагIд бину Абувакъкъас, Закван, Ибну Абимарсад. Аллагь ﷻ гьел киназдасаго разилъаги.

Аварагасул ﷺ шагIирзаби

Хирияв Авараг ﷺ кIодо гьавун, гьесде шигIру гьабулездаса букIана Сабитил ХIасан, РаввахIатил ГIабдуллагь, Маликил КагIб. Аллагь ﷻ киназдасаго гьездаса разилъаги.

АхIмадил ﷺ будунзаби

МухIаммад аварагасда ﷺ цебе как ахIулел букIарал будунзабаздаса ккола Билал, Ибну Уммимактум, СагIдул Къараз, Ясирил ГIаммар, АбумахIзурат. Аллагь ﷻ гьел киназдасаго разилъаги.

МухIаммад аварагасул ﷺ хулафаал

Хирияв Авараг ﷺ хун хадуса халифалъи гьабурал, умматалъул бищунго хириял асхIабзаби ккола Абубакр, ГIумар, ГIусман, ГIали. Аллагь ﷻ киназдасаго разилъаги.

Аварагас ﷺ алжаналъул рохел бицарал асхIабзаби

Ссалат-салам лъеяв хирияв Аварагас дунялалда чIаго букIаго гIезегIан гIадамазда рохел бицана. Гьездаса ккола ункъавго халифа, ТIалхIат, Зубайр, СагIду, СагIид, АбугIубайдат, ГIафвил ГIабдурахIман. Гьединго – Хадижат, ГIаишат, ХIасан-ХIусен, ФатIимат, Ибну МасгIуд ва цогидалги.

МухIаммадил ﷺ хIаварийюнал

Хирияв Аварагасул ﷺ хIаварийюназдасан (хасал кумекчагIаздаса) ккола ункъавго халифа, ХIамзат, ЖахIфар, АбугIубайдат, МазгIунил ГIусман, ГIафвил ГIабдурахIман, Абувакъасил СагIд, ТIалхIат, Зубайр. Аллагь ﷻ гьел киназдасаго разилъаги.

Аварагасул ﷺ ярагъ

Ссалат-салам лъеяв хирияв Аварагасул букIана ичIго хвалчен, анкьго къолден, анлъго чIорбутI, лъабго къоно (щит), кIиго хеч, кIиго цойги тайпаялъул хеч. Гьелъул щибалда Хирияс ﷺ лъурал цIаралги руго.

Хвалчабазул цIарал: Маъсур, ГIазбу, Зульфакъар, Самсамат, Алькъалакъи, АльхIайер, Аррасуб (гьеб ккола Билкъисица Сулайман аварагасе сайгъат гьабураб), МухIзим, Къазиб.

Къолдабазул цIарал: Затулфазул, ЗатулвишахI, ЗатулхIаваши, Суфрийат, Алфиззат (гьеб Давуд аварагасул къолден бугиланги абула), Албатраъ, Хирникъ.

Гьесул чIорбутIазул цIарал: Албайзаъ, АравхIаъ, Асафраъ, Азавраъ (Катум), Ассидад.

Гьесул къанабазул (щитазул) цIарал: Азалукъ, Тимсалу, ГIикъаб.

Гьесул хучдузул цIарал: Альмусанна, Аль-Масва, АнабгIат, АльгIанзат. Гьесул гIансаги букIана Мамшукъ абун цIар бугеб, маххул такъиялги букIана рагъда лъолел – МуващагI абунги, АссабугI абунги. («Ассирату аль-ХIалабиййат», т. 3, гьум. 461-462).

Аварагасул ﷺ букъалъул хIайванал

Хирияв Аварагасул ﷺ букъалъул хIайваназдасан букIана: анкьго чу, анлъго гIорцIен, кIиго хIама, рекIунеб кIиго варани, гьездаги щибалда МухIаммад аварагас ﷺ цIарал лъун букIана.

Чуязул цIарал: Ассакаб – цIакъ бекерулеб; Алмуртажид – хIихIидиялъул гьаракь берцинаб; ЛахIиб – рагIа-ракьанде щвараб; Аллазал – хехаб, мурадалде щолеб; АтIирф – рижи лъикIаб; Альвирд, СабхIат – хехаб. Ссалат-салам лъеяв Аварагасе чуял гIемер рокьулаан, гьезул хIакъалъулъ рицарал хIадисалги руго гьесул.

ГIорцIмазул цIарал: Дулдул, Физзат.

ХIамузул цIарал – ЯгIфур, ГIафир.

Варанабазул цIарал: Къасваъ, ЖадгIаъ, ГIазбаъ.

(«Ассиратул аль-ХIалабиййат», т. 3, гьум 463-466).

Гьединго тIахьазда хъван руго гьесул рокъор хIалтIизарулел букIарал рагI-мачазул цIаралги. ХIасил, нилъер АвараггIан ﷺ кинабго рахъалъ гIумру халкъалъ лъазабурав ва гIатIидго, рагIа-ракьанде щун, кьучIаб куцалъ мухIканаб тарих жиндир хъварав чи дунял бижаралдаса жакъа къоялде щвезегIан цониги лъугьинчIо.

■

Учредитель
Благотворительный фонд "Путь"
Газета печатается с согласования и одобрения Духовного управления мусульман Дагестана.

Редакциялъул совет:
АрсланГIали-афанди ХIАМЗАТОВ
АхIмад-хIажи ГIАБДУЛАЕВ
Къурамухаммад-хIажи РАМАЗАНОВ
Суракъат-хIажи АСИЯТИЛОВ

Редактор
ЯхIя-хIажи МУХIАММАДОВ

Корректор
ТухIбат ЗУРГЬАЛОВА

Рубрикаби рачунел:
Къурамухаммад-хIажи РАМАЗАНОВ (лъикIал гIамалал, Авараг ﷺ лъай)
ЯхIя-хIажи МУХIАММАДОВ (вагIза, Аварагасул ﷺ варизаби)
АхIмад-хIажи ГIАБДУРАШИДОВ (хутIба, динияб хазина)

Жаддун НАСИХI (дерец)
Малла НАСРУДИН (шайтIаби хъами)

Верстка: Асият ХАНОВА
Набор: Гульнара ГIАБДУЛАЕВА

Менеджер ГIабдулхIамид ХIАЖИЕВ

Индекс 51329

При перепечатке ссылка обязательна

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору за соблюдением законодательства в сфере массовых коммуникаций и охране культурного наследия по ЮФО (г. Ростов-на-Дону) - свидетельство о регистрации ПИ № ФС 10-6401 от 15 декабря 2006 г.

Газета набрана и сверстана на компьютерной базе «Ас-салам»

Отпечатана в ООО «Лотос»
ул. Пушкина, д. 6 Заказ № _____
Сдано в печать 06.04.2007
Тираж 21 800 экз.

Редакциялъул адрес:
367015 ДР, МахIачхъала шагьар, М. Ярагъиясул цIаралда бугеб къватI, 128
Телефон: (8722) 61-00-64

Представительство в Северном Дагестане:
8-928-831-56-97
E-mail: info@assalam.ru, web: www.assalam.ru

Гьаб газета цIуни исламалъул хIурмат гьаби буго